КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, урысей усыгъэм и вагъуэ Къэшэж Иннэ

75

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№16 (23.830) ● 2019 гъэм мазаем (февралым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек еплъащ Прохладнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я социальнэ Iуэхущ1апIэхэм.

КIуэкIуэ Казбек Прохладнэ щIыналъэм щыIащ

ЯПЭУ ар къыщыуыIащ Къэрэгъэш къуажэм. Районым щагъэзащIэ инвестицэ программэмэ хиубыдэу абы дэт котельнэр ирагъэфIэкIауад икIи псэупIэ, социальнэ инфраструктурэр зэблэу къыхэмыкIыу ягъэпльу щIадзэжащ. Апхуэдэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ коммунальнэ Iуэхутхьебзэхэри иджы нэхъ тэмэму дагъэкI.

Цыхьу кушъэрыпсыIаIуэм къыхэкIыу щIэрыщIэу хэпльэжащ узынышагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплекс щIыным. Ар хьэзыр хъумэ, езы Къэрэгъэшми, абы пэмыжыжьэу щыIэ Псынщокъуэ къуажэмрэ Солдатскэ станицэмрэ щыщу цIыху 1500-м нэблагъэм спортым зыхуагъэсэнымкIэ Iэмал ягъуэтынущ.

Солдатскэ станицэм Григорий П. П. и цIэр зэрихьэу дэт курыт адэкапIэм хеубыдэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкIуалIэ Iуэхущ1апIэри. Абы иныгъ унэхэм яцыщ зыр зэращIри илъэси 100-м щIигъуащ икIи иджырей зэманым зыкIи къвэзгъыжьркъым. Ар къалытэри, сабий 40 зыщIэхуэн унэщIэ Iуэхущ1апIэм къыгуащIыхьу хуежьащ 2018 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. Ар дызэрыт илъэсым яухын хуейщ. Ухуэнысэщ1эр зэфIэкIмэ, зи ныбжьыр илъэси 3-м фIэмыкIауэ станицэм дэс сабий псори садым екIуэлIэну Iэмал ягъуэтынущ.

Республикэм и унафэщIыр школым и лэжьакIуэхэм щепсалъэм зэпкъраxащ илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс зи ныбжь сабийуэ 120-рэ зыщIэхуэн ухуэнысгъэщIэ егъэжьэнымкIэ хэкIыпIэхэм.

Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и къудамэу Учебнэ къуажэм дэтым. Тэрч мэкъумэш еджапIэр республикэм и апхуэдэ Iуэхущ1апIэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абы и лэжьыгъэр зытеухуар мэкъумэш хозяйствэм папщIэ курыт щIэныгъэ зиIэ Iэщ1агъэлIхэр гъэхьэзырынырщ. Иджыпсту еджапIэм студент миным нэблагъэ щIэсщ. Абы псори зэхэту щIы гектар 11,7-рэ иныгъ, гектари 3,25-р мэкъумэш щ1апIэу. КIуэкIуэ Казбек къыхиГъэщхьэхуэкIащ мы еджапIэм и зэфIэкIым хэгъэхъуэн хуейуэ къызэрильытэр. Прохладнэ районым агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныжьмкIэ хэкIыпIэшхэр иIэщ, абы къыхэкIыу а Iэнатl1эм тэмэму щыIэжьафым щIыхуэхэри гъэхьэзырын хуейщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр еплъащ гъущ Iыгъу лэжьакIуэхэм Щэнгуашэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я Iыгъ-Iыгъ зэрыгъэзэжьыр, промышленностым и Iэнатl1эм инвестицэхэр къыхуэзащIэ-гъэуIуэн зэрыхуейм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

Лъэпкъым ипхъу пажэ

Къэшэж Иннэ и Iэдакъэщ1кIхэр гунэс зыщыхъуэм сащыщщ сэри икIи махуэ щIагъуэ дэзгъэкIыу щытакъым и усэхэм сыкъемыджэу. Иджыри щIэх-щIэхыурэ къызощтэ абы и тхыльхэр.



1962 гъэм къыдигъэкIа и ятэ усэ тхылъым, «Вольный Аул» зыфIищам, хуэдэу тIу зыIэрызгъэхьати, нобэр къыздэсым сохъумэ. И Iэдакъэщ1кIхэм седжэну сфIэфым и мызакъуэу, и усэхэм ящыщ куэди гукIэ сщIэрт. ЖыпIэнурамэ, си закъуэтэкъым Къэшэжым и творчествэм апхуэдэу дихьэхыр, си ныбжьэгъуэхми яр ягу ирихьырт. Дэ дригушхуэрт, дрипагэрт си хъыбарыфI къалащхьэм къиуIкI ди лъэпкъэгъу пщащэм и зэфIэкIым.

Си Iэдакъэщ1кIхэр цIыху куэдым зэIэпах усакIуэр нэIуасэ сыхуэхъунри зэзгъэцIыхунри си насып кIрихьхьэкIауэ щытащ - Инн нэ дэрэ Моск-ва дыщызэриш1ылат Бицу Анатолэ. Абыхэм Литературнэ институтыр къуахат, пщIэ зэхуащIу, гуапэу зэбгъэдэтт. Къэшэжымрэ сэрэ нэIуасэ дыззэхуэхъуа нэужь, и унэм мыхъ-мытIэу себлэгъащ, и ныбжьэгъуэхэри абы щысцIыхуащ. А зэманым къэралым и къалащхьэм щыпсэуа усакIуэ, тхакIуэ, уэрэджэлIакIуэ, композитор цIэрыIуэ куэдым ядэлажьэрт Иннэ.

1978 гъэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм сыщылажьэну сыува нэужь, урысыбзэкIэ тхэным хуэIэзэ хьуа Къэшэжым сельэIуащ къэбэрдей пщы уэлий Иван Темрыкъуэ ипхъу, Иван ЕплIанэм и щхьэгъусэ Гуащэнэ теухуауэ поэмэ итхыну. Мыгувэу си льэIур игъэзащIауэ щытащ абы. А тхылъ тедзапIэм сызэрыщылажьа илъэсиплIым къриубыдэу Иннэ и зы тхылъщ къыдэгъэкIыну къысхуихуар. Ар «Къэблагъэ» и усэ тхылъырт, езым адыгэбзэкIэ къыхихыжа фIэщыгъэр и жинтым тету. ИужькIэ усакIуэ Кайданов Аркадий Къэшэжым и тхылъ къыщыдигъэкIым, зи гугъу ещIа поэмэри абы хигъэхьащ.

Иннэ куэдым фIыуэ къаIащу усакIуэ Iэщ1агъуэну зэрыщытам и щапхъэхэр мымащIэу къыпхуэхьынущ. Абыхэм ящыщу къэбгъэльэгъуэ хъунухэм языхэзым и гугъу фхуэзщIынут. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я пэщIэдзэхэм Москва и Политехникэ музейм къыщызэрагъэпэщу щытащ Совет Союзым нэхъ усакIуэфIу къыщалъытэхэм я Iэдакъэщ1кIхэм къыщеджэ пшыхьхэр. Абыхэм зи усэхэр щыIуэхэм ящыщт ди Къэшэж Инни. УсакIуэ щэджащэжу Вознесенский Андрей, Евтушенко Евгений, Рождественский Роберт, Окуджавэ Булат, Ахмадулинэ Беллэ, Казаковэ Риммэ сыкъэ ейхэм къакIэрымыхуу Иннэ и къалэмыпэм къыпыкIаха-эри. Ар фIыуэ нэхъыщIэт зи цIэ къитIуахэм нэхъ-рэ, зэфэну псыр къыщыжэнур дяпэкIэщ жыхуаIэхэм хуэдэт, ауэ и зэчиймкIэ, и зэфIэкIымкIэ абыхэм я сатырым хэувакIэт - и усэхэм Iэгуауэщхуэхэр утыку инхэм щыхуаIэтырт.

Къэбэрдеим илъэсым тIэу-щэ къэкIуэжырт Иннэ, къэкIуэжыху къэси, и «усэ кьиГъэхъуапIэр» нэхъ кууж хъуауэ, и гурыщIэхэр нэхъ къеблагъ къалащхьэм игъэзэжырт. Абы и Хэкум, и адэжьым я лъахэ Къарамзэкъэпэ, и лъэпкъым, хабзэм ятриухуа усэхэр куэд мэхъу.

Мыри сигу къокIыж Иннэ теухуауэ. Си ныбжьэгъуэхэр си гъусэу 1982 гъэм Тифлис дыкIуат, адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий) и ныбжьыр илъэс 60 зэрикъум теухуа дауэдапщэм ирагъэблагъэрэ. Абы щыгъуэ Мэзкуу сопсалъэр, Иннэ солъэIу адыгэхэм ди тхыдэм теухуа «Уафэгъуагъуэ макъ» повестыр зи Iэдакъэщ1кIхэр тхакIуэщхуэм зы усэ хуитхыну. Къешэжым сыкъыщIигъугъар зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу игъэзащIат. Сэри усэм гуфIэгъуэ пшыхьым сыкъыщеджащ икIи абы Iэгуауэщхуэ хуаIэтащ: Къешэж Иннэ и цIэр зымыщIэ Лохвицкэм и пшыхьым кърихьэлIатэкъым.

Илъэс 15-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, Иннэ и адэ къуэш Къешэж Берд и къуэ Исмел къэсцIыхуауэ щытащ. Ар офицерт, Иннэ теухуа суратхэмрэ тхыгъэхэмрэ зэхуихьэсыжырт. ИужькIэ, Исмел къызитахэмрэ сэ сиIэхэмрэ зэзгъэIуIри, «Наши знаменитости» серием хыхьэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэдгъэкIащ «Инна Кашежева: Кавказ надо мною» тхылъыр. Абы хэдгъэхьащ Иннэ теухуауэ ятхахэм ящыщу нэхъ гъэщIагъэную къэтIыгъэтахэр, и усэ нэхъыфIхэр. Тхылъыр дунейм къытехьащ 2009 гъэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Иннэ и усэ тхылъ щхьэхуэ адыгэбзэкIэ иджыри къэкыдэкIакъым, и Iэдакъэщ1кI зыбжанэ Бицу Анатолэ, Къагъырмэс Борис, Тхьэгъэзит Зубер сымэ зэрадзэкIа мыхъумэ. 2019 гъэм, Къэшэж Иннэ и илъэсу КъАХ-м игъэувам, хиубыдэу а Iуэхур дгъэзэкIэжыну ди мурадщ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и къалэнхэм ящыщщ лъэпкъым фIыкIэ зи цIэ къыхэщаxэр, Къэшэж Иннэ хуэдэхэр, игъэпIэнэр. Абы ипкъ иткIэ, Джылахъстэнейм щыщ сурэтыщI Iэзэ Гъыдэ Валерэрэ сэрэ дызэгурыIуащ Къешэж Иннэ и сурэтышхуэ ищыну. Нобэ, Иннэ къыщалъхуа махуэм, лъахэхутэ Котляровэ Марие Къармэхьэблэ къыщыззрегъэпэщ фэеплъ пшыхь. Ар Каменномост къуажэм и закъуэ щрагъэкIуэкIыну къыхалъхьат, ауэ, Дзэлыкъуэ щыналъэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан и жэрдэмкIэ, пшыхьыр район псом щызэдалэтыну трауухащ.

Лъэпкъым ипхъу пажэм и цIэр дэ тщыгъупщакъым, зэрытхуэзфIакIыр догъэльапIэ, ауэ зэманыр макIуэ, къыдэкIуэтей щIэблэмэ ар яцIыхун, абы и усэхэм щыгъуазэу щытын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI лъэIу тхылъ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм зэрыщIэтпльхьар, Къэшэж Иннэ и цIэр Налшык, нэгъуэщI къалэхэм, къуажэхэм я узрамхэм фIэщын зэрыхуейр къыщыгъэльэгъуауэ. Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэмэ усакIуэщхуэм и бюст щIэтыпхъэу къыдольытэ.

ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд, *«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

● ПщIэ



Ди щIэныгъэлIым саугъэт лъапIэр къыхуагъэфащэ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр къыщIэзыгъэкI промышленностымрэ ухуэныгъэмкIэ индустриемрэ зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам папщIэ Гришманов И. А. и цIэр зезыхьэ саугъэтыр къыхуагъэфэщащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, архитектурэмкIэ, ухуэныгъэмкIэ, дизайнымкIэ институтым и унафэщI, профессор Хэжь Толэ Амир и къуэм.

УРЫСЕЙМ и Инженер академиемэ игъэуза а саугъэтыр ди щIэныгъэлIым мазаем и 6-м къритыжащ Гришманов И. А. и саугъэтыр тынымкIэ комиссэм и унафэщI, Урысей, Дунейпсо Инженер академиемхэм я президент, СССР-м. Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтхэм я лауреат, УФ-м и Правительствэм и саугъэтхэр тхуэнейрэ зыхуагъэфэщащ, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ Гусев Борис.

Хэжь Толэ дохъуэхъу дамыгъэ лъапIэмкIэ.

УсакIуэм и пшыхь

2019 гъэм мазаем и 14-м республикэм и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIыну Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я цIыхубэ усакIуэ **Гуртуев Сэлихь Сулътанбэч и къуэм** и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь.

ЗэIущIэр къызэIуахынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м

ФIыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **44-22-10, 42-43-13**.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 12, *гъубж*

♦Iэ плъыжьым и дунейпсо махуэщ (сабий-зауэлIхэм я дунейпсо махуэщ). Сабийхэр зауэхэм, лъыгъажэхэм хэтын хуей зэрыхъыр, залымыгъэ зехьэнымэ ирахулIэныр мыдэным хуэгъэпсауэ 2004 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI.

♦1864 гъэм Москва зоопарк къыщызэIуахащ.

♦1908 гъэм дунейм щыяпэу Нью-Йорк къалэм щежьащ автомобилкIэ къызэдэжьурэ щIым и хъуреягъыр зэпызычыну мурад зыщIа гуп.

♦1929 гъэм Налшык щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ курорт хъуащ.

♦1943 гъэм Краснодар къалэр, Тимашевск, Кореновск щIыналъэхэр Кавказ Ищхьэрэ фронтым и дзэхэм хуит къащыжащ. Абыхэм щIэгъэкуэнышхуэ яхуэхьуат партизанхэрэ.

♦1955 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ кIыщтащ Байконур космодромыр ухуэным теухуэжу.

♦1957 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу Налшык телевиденэм лэжьэн щыщIидзащ.

♦1961 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м «Венера-1» станцыр хьэршым игуIыпащ.

♦1979 гъэм Женевэ (Швейцарие) климатымкIэ япэ дунейпсо конференцым лэжьэн щыщIидзащ.

♦1994 гъэм Лиллехаммер (Норвегие) къыщызэIуахащ XVII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 27-м иухащ.

♦2010 гъэм мазаем и 12 - 28-хэм Ванкувер (Канадэ) щекIуэкIащ XXI ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр.

♦США-м и 16-нэ президенту щыта, цIыхур ягъэпщынIу мыдэнэр хабзэу зыгъэуза я лъэпкъ лIыхъужь **Линкольн Авраам** къызэралъхуэр илъэс 210-рэ ирокIу.

♦Польшэм щыщ революционер, адыгэхэм я псэукIэр, я хабзэхэр зыджу щыта **Лапинский Теофил** къызэралъхуэр илъэси 192-рэ ирокIу.

♦Тыркум щыпсэуа адыгэ тхакIуэ, дунейпсо литературэм и классикыу къалъытэ **Хьэтхуэ Умар (Омер Сейфеддин)** къызэралъхуэр илъэси 135-рэ ирокIу.

♦Дзэзешэ цIэрыIуэ, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь, Маршал **Чуйков Василий** къызэралъхуэр илъэси 119-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэшэж Иннэ** къызэралъхуэр илъэс 75-рэ ирокIу.

♦УэрэджэлIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыщызэIуахащ XV ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Абы щыгъуэщ фристайл, шорт-трек спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ япэ олимп зэпеуэхэр щекIуэкIар. Олимпиадэр мазаем и 28-м зэхуащIыжащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ Крылов Иван къызэралъхуэр илъэс 250-рэ ирокIу.

♦Кавказым и тхыдэр зыджа, адыгэхэм куэдрэ ятетхыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Щербинэ Фёдор** къызэралъхуэр илъэси 170-рэ ирокIу.

♦Къэрал пэжьакIуэ, политик **Лъэстэн Чэлимэт** къызэралъхуэр илъэси 111-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщ1, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Гъыдэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокIу.

♦СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, УФ-м гъэдэджэкIэщIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Тарасовэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

♦Режиссёр, Адыгэ Республикэм и лъэпкъ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м и щIыхь зиIэ артист **Кукэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокIу.

♦Израилым щыпсэу дзэ къулыкъущIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Рихьэнэ къуажэм щыIэ Адыгэ музейм и унафэщIу щыта **Хьун Щукуний** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыщызэIуахащ. Мазаем и 13-м, *ёзгэжьей*

♦Радиом и дунейпсо махуэщ

♦1830 гъэм дунейм къытехьащ Урысей къэралыгъуэм и законхэр щIэзэхуэхьэса тхылъхэр. Ахэр том 45-рэ хъурт.

♦1842 гъэм урысей пащтыхь Николай Езанэм Санкт-Петербург - Москва гъущI гъуэгур уухуэным теухуа унафэм Iэ щIидзащ. ЗэрагъэхъыбарыжьмкIэ, а Iэуэгур зыхуэдэнур картэм щыщкитхэм, Николай иныгъ къэрэндащыр тхылъымпIэм тельъ и Iэпэм жьэхуэпэр, ар къитхъыхьащ. ЛэжьакIуэмрэкIэ щIыпIэм дежь, апхуэдэ дыдэу, къэгъэзыпIэ иIэу ящIауэ щытауи жаIэж. А Iэуэгуэр ар езыгъэщIа пащтыхьым и цIэр зэрихьэу щытащ 1923 гъэ пщIондэ. ИужькIэ Октябрьскэ цIэр фIащащ.

♦1859 гъэм Москва япэ щыIухуб гимназие къыщызэIуахащ.

♦1924 гъэм РСФСР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Ищхьэрэ КъуэкIыпIэ областыр. Иджыпсту ар Ставрополь щыналъэрщ.

♦1934 гъэм «Челюскин» совет кхъухьыр мылхэм зэкажъуташ икIи Ищхьэрэ Мылыльэхым щыщIилъэфащ.

♦1943 гъэм совет зауэлI-альпинистхэр Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIащ икIи нэмыцэхэм абы щыхатIа я бэракъэр кърадзыхьэри, СССР-м и ныпыр щагъэувыжащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Новочеркасск (Ростов область) къалэр хуит къащыжащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Венгриеи и къалащхьэ Будапешт нэмыцэ-фашист зэрыпхъыкIуэхэм къызэIущ1агъэкIыжащ.

♦1972 гъэм зэхуащIыжащ Японием и Саппорэ къалэм щызэхэта XI ЩIымахуэ Олимпиадэр.

♦1980 гъэм США-м хыхьэ Лейк-Плэсид къалэм къыщызэIуахащ XIII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 24-м зэхуащIыжащ.

♦1988 гъэм Калгари (Канадэ) къыщызэIуахащ XV ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Абы щыгъуэщ фристайл, шорт-трек спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ япэ олимп зэпеуэхэр щекIуэкIар. Олимпиадэр мазаем и 28-м зэхуащIыжащ.

♦Урыс уэрэджэлIакIуэ цIэрыIуэ, совет къэралыгъуэм и япэ цIыхубэ артист Шаляпин Фёдор къызэралъхуэр илъэси 146-рэ ирокIу.

♦СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, УФ-м гъэдэджэкIэщIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Тарасовэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

♦Режиссёр, Адыгэ Республикэм и лъэпкъ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м и щIыхь зиIэ артист **Кукэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокIу.

♦Израилым щыпсэу дзэ къулыкъущIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Рихьэнэ къуажэм щыIэ Адыгэ музейм и унафэщIу щыта **Хьун Щукуний** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыщызэIуахащ. Мазаем и 14-м, *щэкIуэгъуэ*

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къуэшыншэ щIэупщIакIуэншэщ.

КъыщыIурт пшынэбзэр Лэскэным

Къыщы1урт пшынэбзэр Лэскэным, УэрэдкIэ къыпежьэу хуэкIуам. Къыфlэщlт и Iэпкълъэпкъыр лъэтэну И макъ зи тхьэкIумэ иIуам.

Уэ хьэщIэу усшати ди къуажэ, Плъагъу псори сфIэфIт уигу ирихьам...

Нэхъыжьхэм уэ жьантIэм удашэ, Гуапащэуи къуахьи сэлам.

Къэшэжхэ зыщIыхуи къахокIыр, Къыпхуащ1 уи адэшхуэм и гугъу, Уи тхылъи еджахэу къыщIокIыр, Къохъуэхъуэхэр: «Уи гъуэгур кIыхь ухъу!»

Из дыдэу махъсымэр, уэ фалъэ Къуатащи, Iэнкуну ущытщ, ИтIанэ жыбоIэ уи псалъэ: «Ўзыншэу Лэскэным фыщыт!»

Уи усэр къыщоIур си лъахэ, Тхьэрыкъуэзу уэгу хуитым йохьэж... Яхэзбжэу нэхъыфIхэу блэкIахэм, А махуэр си нэгу къыщIохьэж.

КъысфощIыр иджыри дыщIалэу, ТлъэкIыну аргуэру дыкIуэн, Зэщ1ыгъуу, дгъэуву дэ пIалъэ, Уэ уигу кIинэжа си Лэскэн.

КЪАГЪЫРМЭС Борис, *КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*

Жэнэтбзу

Жэнэтбзу щIыкIыр лъэтэжащ, Щеэзэшри щIылъэм, пыхуу и псэр. Сэ нобэ гу зылъыстэжащ, СылI пэтми, схуэмыбыдау нэпсыр. Ар слъагъуэжынукъым афIэкI, Зэхэсхыжынукъым и макъыр. «Фыззэрыхуейуэ евгъэкIуэкI, Сэ зэи сыкъывгурыIуакъым», - Ар жызыIауэ сщIым сэ шэч, Иужьгъупат мы ди щIыгу гъащIэр. Щ1эхъуами къымыгъанэу лъэкI, Ехьат гугъу, ар зэтес хуэмыщIу. КъыдгурыIуакъым жэнэтбзур. Ар щыдгъэщIащ дэ ди гулъытэ. Дытетщи дэ дызэрыпсэум - Ди зэхэтыкIэм сроукIытэ. Абы хъужами и псэр хуит, Си гъащIэр схьынущ сыхуэзэшу... Жэнэтбзу щIыкIуэ и уэрэд Сэ зэхьзох къиIукIыу хъэршым.

БИЦУ Анатолэ, *КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*

Адэжь щIэину сиIэщ уафэ тыгъэ -

● Эссе

Уэс шэджэнэплъхэм я псысэ

Псэмрэ щхьэмрэ Iэжьэгъуншэу зэпэтIысурэ щIыззрихэгъэзыхьыр зытехьэлъэнухэм мы тхыгъэр зэвгъэтIылъэкIмэ нэхъыфIщ... ГъэвыгъуафIэкъым фызыжь гъуапэхэм мыпIаIцIэурэ къыпIыщэтыжар. Сэрщи, тэмакъыдзэрэ псэ дзапэкIэ мыр адэкIэ схьыну сыхуеижкъым. СутIыпщауэ хуэфащэ жьантIэр изогъэгъуэтыжь.

Зэпадзыжурэ мыбы щыщ тепльэгъуэ щхьэхуэхэр зэман зэхуэмыдэхэм къэзыIутэжа си нэхъыжьхэм мэскъали къагупсысу щIагъуэкъым. Апхуэдэм ящIи шуфыкъэи хэльхьакIи - хьэкъщ зи дунеий епльыкIэ зэтемыхуэ щIыху зыбжанэм зыIззыбжьэрэ зэдайуэ щыпсэ щIыззэхалъхьэн щхьэусыгъуи щIыззэхалъхьэн хущIыхьэгъуи зэрамыIар. Я зы дэтхэнэми и кхъаблэ лъэужь сиплэри, и пщIыхь къыхэмыхуа гуэрхэри теслъэгъуэжат.

Ящыщ зым, сызыпIа си анэшхуэу - Къэшэж Хьэщий ипхъу Пагуэ и цIэ иджы къисIуэми ягъэ кIынкъым. ЖалэркIэ: «МафIэм пэгъунэгъу лыр мажьэ». ЛIэужьыр зэрыуэ бжьиблри игъэкIуэтыгъуафIэу тIасхъэкъым. Аращи, ирехашэ жьуджалэ...

КъэШЭЖХЭ я щIэныгъэцIэр тхыдэм щыхэIуам, Дзэ Плъыжьым и шыпхъэ Балъкъ псыхъуэ щигъэтхъуакIэтэкъым. Зэш-зэкъуэту зэрыIыгъ пIэпкъым и нэхъыжьхэр хъэзыщIа, жэмыхьэт щапхъэт, нэхъыщIэхэм сохъуэстэи яхэтт, егъэджакIуэхэри нэхъыбэрэ къаехкI хъуат. Хьэуэ, ахэр псори Къэшэж ТIалибтэкъым, ауэ щыхъукIи, мыхуэмыхуэ лъэхъэнэлIхэт.

Къэшэж Псэбыдэ и къуэрылъу Нащхьуэ (Инал) Балъкъ ныджэ щIыхуэр и джэгурыпIэс щхьэкIэ, къурш уэсащхьэхэр зыхэткIухьыжь хъуапсапIэр и уэгуг. Хурзалэу Къанжал къыщIьхэщIыхьэ бгъащхъуэм и зыдамэшэщIыгъуэр, щIалэм афиягу кьефыкIыуэрэ, уанэ къуапэу щыIам яришэкIыжыгт.

Хъуапсэ и псэ кIуэдрэ! Дапхуэдэу нэхъыжьхэр къэмыуIабжьами, кхъухьлъатэ гъуэзым хэт щIалэм пэрыуатэкъым. Псори Зыгуэрым зэригъэззхуат: Нащхьуэ-Бгъэдыкъуэ Уащхьуэ! И къэпльтмакъ зэрылъу щIалэщIэр къалащьэм дыхьат.

ИлъэситIи дэкIыжауэ жылэжьым щыгъунлъагъуэ къокIуэр офицер зэкIуж. Къызыхыхьэжар унэкъуэщым я нысашэти, ишэгъуэ пщащэхэр зэригъэпплъыжа щхьэкIэ, къахихар зи удж кIуэгъуи нэмысарт - Iэминатт.

Пщащэр къратынутэкъым. НащхьуэртI, гурыщIэр лъэщмэ - езыриерыщт. Ди жылэ щIалэхэр зыми ещхькъым-тIэ, жьакIуэурэ укъыдахьэхри щабэрыкIуэурэ щIобзэхыкIыж. Нэхущ джэгур зэхэкIыжатэкъым, ягъэкIуэса нысащIэмрэ Нащхьуэрэ я мафIэгур Гумкъалэ лъапэ щынэблэгъам.

Къалащхьэм а зэманым щызэхыхьэ офицер пшыхьэхэм къэбэрдей зэпсэгъуэхэр къахэхындыкIырт. Нащхьуэ и нысащIэр зыцIыхуэхэм ар тхьэIухуду щытауэ тхьэ щаIуэж. Къэшэжыр и цIыкIу зэдагъэтати, тIури гуфIэгъуэм зэщIиIэтэрт.

Инал и нитIыр зи пытъхьуэ уэгур 1941 гъэм и кIагъуэ гуэрэну иджы къещэтэхат. Жьы тримыгъапсэу Къэшэжым и унагъуэр Къаншэ хъэбла къишэжщ, гуашэ-тхъэмадэм къаригъэтIысылIэри, езыр зауэм Iухьат...

Къэшэжхэ Щыхьымрэ КIулыкупэ я щIалэр а зауэм къыхэкIыжри сэкъатыншэу къэкIуэжат, ауэ... нысэ цIыкIум и щхьэгъусэжтэкъым а къэкIуэжар. Кхъухьлъатэхэри мэгъуащэ-тIи! Зауэт...

А махуэр зи нэгу щIэкIа Къэшэж зэрыпльху-зэрыпIым псэуху яIуэтэжынущ. Мес, КIулыку лъаIуэ-Іункlэуэрэ сабийр зи Іэблэм тес Іэминатыр Щыхьым и пщIантIэм докI. ГъущIыпсэ и Іыгъ лъэпкъым и нэхъыжьхэр хэщIа, жэмыхьэт щапхъэт, нэхъыщIэхэм сохъуэстэи яхэтт, егъэджакIуэхэри нэхъыбэрэ къаехкI хъуат. Хьэуэ, ахэр псори Къэшэж ТIалибтэкъым, ауэ щыхьукIи, мыхуэмыхуэ лъэхъэнэлIхэт.

Къэшэж Псэбыдэ и къуэрылъу Нащхьуэ (Инал) Балъкъ ныджэ щIыхуэр и джэгурыпIэс щхьэкIэ, къурш уэсащхьэхэр зыхэткIухьыжь хъуапсапIэр и уэгуг. Хурзалэу Къанжал къыщIьхэщIыхьэ бгъащхъуэм и зыдамэшэщIыгъуэр, щIалэм афиягу къефыкIыуэрэ, уанэ къуапэу щыIам яришэкIыжыгт.

Хъуапсэ и псэ кIуэдрэ! Дапхуэдэу нэхъыжьхэр къэмыуIабжьами, кхъухьлъатэ гъуэзым хэт щIалэм пэрыуатэкъым. Псори Зыгуэрым зэригъэззхуат: Нащхьуэ-Бгъэдыкъуэ Уащхьуэ! И къэпльтмакъ зэрылъу щIалэщIэр къалащьэм дыхьат.

ИлъэситIи дэкIыжауэ жылэжьым щыгъунлъагъуэ къокIуэр офицер зэкIуж. Къызыхыхьэжар унэкъуэщым я нысашэти, ишэгъуэ пщащэхэр зэригъэпплъыжа щхьэкIэ, къахихар зи удж кIуэгъуи нэмысарт - Iэминатт.

Пщащэр къратынутэкъым. НащхьуэртI, гурыщIэр лъэщмэ - езыриерыщт. Ди жылэ щIалэхэр зыми ещхькъым-тIэ, жьакIуэурэ укъыдахьэхри щабэрыкIуэурэ щIобзэхыкIыж. Нэхущ джэгур зэхэкIыжатэкъым, ягъэкIуэса нысащIэмрэ Нащхьуэрэ я мафIэгур Гумкъалэ лъапэ щынэблэгъам.

Къалащхьэм а зэманым щызэхыхьэ офицер пшыхьэхэм къэбэрдей зэпсэгъуэхэр къахэхындыкIырт. Нащхьуэ и нысащIэр зыцIыхуэхэм ар тхьэIухуду щытауэ тхьэ щаIуэж. Къэшэжыр и цIыкIу зэдагъэтати, тIури гуфIэгъуэм зэщIиIэтэрт.

Инал и нитIыр зи пытъхьуэ уэгуг 1941 гъэм и кIагъуэ гуэрэну иджы къещэтэхат. Жьы тримыгъапсэу Къэшэжым и унагъуэр Къаншэ хъэбла къишэжщ, гуашэ-тхъэмадэм къаригъэтIысылIэри, езыр зауэм Іухьат...

Къэшэжхэ Щыхьымрэ КIулыкупэ я щIалэр а зауэм къыхэкIыжри сэкъатыншэу къэкIуэжат, ауэ... нысэ цIыкIум и щхьэгъусэжтэкъым а къэкIуэжар. Кхъухьлъатэхэри мэгъуащэ-тIи! Зауэт...

А махуэр зи нэгу щIэкIа Къэшэж зэрыпльху-зэрыпIым псэуху яIуэтэжынущ. Мес, КIулыку лъаIуэ-Іункlэуэрэ сабийр зи Іэблэм тес Іэминатыр Щыхьым и пщIантIэм докI. ГъущIыпсэ и Іыгъ лъэпкъым и нэхъыжьхэр хэщIа, жэмыхьэт щапхъэт, нэхъыщIэхэм сохъуэстэи яхэтт, егъэджакIуэхэри нэхъыбэрэ къаехкI хъуат. Хьэуэ, ахэр псори Къэшэж ТIалибтэкъым, ауэ щыхьукIи, мыхуэмыхуэ лъэхъэнэлIхэт.

Къэшэж Псэбыдэ и къуэрылъу Нащхьуэ (Инал) Балъкъ ныджэ щIыхуэр и джэгурыпIэс щхьэкIэ, къурш уэсащхьэхэр зыхэткIухьыжь хъуапсапIэр и уэгуг. Хурзалэу Къанжал къыщIьхэщIыхьэ бгъащхъуэм и зыдамэшэщIыгъуэр, щIалэм афиягу къефыкIыуэрэ, уанэ къуапэу щыIам яришэкIыжыгт.

Хъуапсэ и псэ кIуэдрэ! Дапхуэдэу нэхъыжьхэр къэмыуIабжьами, кхъухьлъатэ гъуэзым хэт щIалэм пэрыуатэкъым. Псори Зыгуэрым зэригъэззхуат:

- Нащхьуэ-Бгъэдыкъуэ Уащхьуэ! И къэпльтмакъ зэрылъу щIалэщIэр къалащьэм дыхьат.

ИлъэситIи дэкIыжауэ жылэжьым щыгъунлъагъуэ къокIуэр офицер зэкIуж. Къызыхыхьэжар унэкъуэщым я нысашэти, ишэгъуэ пщащэхэр зэригъэпплъыжа щхьэкIэ, къахихар зи удж кIуэгъуи нэмысарт - Iэминатт.

Пщащэр къратынутэкъым. НащхьуэртI, гурыщIэр лъэщмэ - езыриерыщт. Ди жылэ щIалэхэр зыми ещхькъым-тIэ, жьакIуэурэ укъыдахьэхри щабэрыкIуэурэ щIобзэхыкIыж. Нэхущ джэгур зэхэкIыжатэкъым, ягъэкIуэса нысащIэмрэ Нащхьуэрэ я мафIэгур Гумкъалэ лъапэ щынэблэгъам.

Къалащхьэм а зэманым щызэхыхьэ офицер пшыхьэхэм къэбэрдей зэпсэгъуэхэр къахэхындыкIырт. Нащхьуэ и нысащIэр зыцIыхуэхэм ар тхьэIухуду щытауэ тхьэ щаIуэж. Къэшэжыр и цIыкIу зэдагъэтати, тIури гуфIэгъуэм зэщIиIэтэрт.

Инал и нитIыр зи пытъхьуэ уэгуг 1941 гъэм и кIагъуэ гуэрэну иджы къещэтэхат. Жьы тримыгъапсэу Къэшэжым и унагъуэр Къаншэ хъэбла къишэжщ, гуашэ-тхъэмадэм къаригъэтIысылIэри, езыр зауэм Іухьат...

Къэшэжхэ Щыхьымрэ КIулыкупэ я щIалэр а зауэм къыхэкIыжри сэкъатыншэу къэкIуэжат, ауэ... нысэ цIыкIум и щхьэгъусэжтэкъым а къэкIуэжар. Кхъухьлъатэхэри мэгъуащэ-тIи! Зауэт...

А махуэр зи нэгу щIэкIа Къэшэж зэрыпльху-зэрыпIым псэуху яIуэтэжынущ. Мес, КIулыку лъаIуэ-Іункlэуэрэ сабийр зи Іэблэм тес Іэминатыр Щыхьым и пщIантIэм докI. ГъущIыпсэ и Іыгъ лъэпкъым и нэхъыжьхэр хэщIа, жэмыхьэт щапхъэт, нэхъыщIэхэм сохъуэстэи яхэтт, егъэджакIуэхэри нэхъыбэрэ къаехкI хъуат. Хьэуэ, ахэр псори Къэшэж ТIалибтэкъым, ауэ щыхьукIи, мыхуэмыхуэ лъэхъэнэлIхэт.

Къэшэж Псэбыдэ и къуэрылъу Нащхьуэ (Инал) Балъкъ ныджэ щIыхуэр и джэгурыпIэс щхьэкIэ, къурш уэсащхьэхэр зыхэткIухьыжь хъуапсапIэр и уэгуг. Хурзалэу Къанжал къыщIьхэщIыхьэ бгъащхъуэм и зыдамэшэщIыгъуэр, щIалэм афиягу къефыкIыуэрэ, уанэ къуапэу щыIам яришэкIыжыгт.

Хъуапсэ и псэ кIуэдрэ! Дапхуэдэу нэхъыжьхэр къэмыуIабжьами, кхъухьлъатэ гъуэзым хэт щIалэм пэрыуатэкъым. Псори Зыгуэрым зэригъэззхуат:

- КьратхъкIыжькъым нат!Iэм къритхар. Iэлохьу Тэхьэлэм и Іэмырщ. Пщащэу жалэ къалъхуар? Псэ быдэ цIыкIу ухьу. Дыдейщ. Дилщ...

- Уоу, зиунагъуэрэ, сэ мэш къэсхрэтIэ! Ардыдэгъэр жысIэр.... А дыдейр, а дилыр Арысейм хэкIуэдэжьинущ! Фегупсысрэ абы?! МатушкIэм къыкIэрыхуарэ мэкъуэзвэм хэхуэжа мастэрэ... - аргуэру къыззщIошасэ ГъущIыпсэ и бамплэр.

- УвыIэжьт, унэжьи! Арауэ щытми, Къэзыгъэщам къыпигъэтIылъмэ, дэ зыри тхуэлъхьэнукъым. Щхьэж и псэ Іыхьэщ.

КЪЭШЭЖ ефэндыжьым Іулыджьшхуэ иIэт-тIэ. ЩIэныгъи бгъэдэлъу лы Іущт ар. Нащхьуэ и нысащIэм трищIа тIуанэри, абы къилъхуа пщащэри лIыжьиплым пащIэ щIыIу джэдгуфIыкъым ящIырт. ЖалэртхэкIэ: «Іыхьэ...»

Жьы дахуплэ зимыIэ упщIэ нагъыщэурэ илъэсхэр зэкIэлъыкIуэтэрт. Іукlуэтыжахэм Нащхьуэ и псэ дыкъуакъуэу заукъуэдийуэрэ и къуэр здэщIэмкIэ ЛIыр иджы къеIэрт. Инал и пхъум Инэ фIищат. Іыхьлы-Іэулэдым шэч къызэтрамыкъэжрати - ар Іэ-м-ИнА-т зэрыкIэлъыджэж Іубгъуэ пытъхьахэт. АрщхьэкIэ пытъхьахэкIэрэ бжьыхь яхуркъыми, тIуанэри шыньыджэкъым - шэхувэкIэ лыхулыпцIэм пхуэтхъхьыжьнукъым. НысащIэм шыпхэ уапIэжьыр къиупщIэтыхьщ, бжьо уIэгъэу зришиикIри къызыхэкIа таурыхьым хьыхьжат. Хьетхуити хьилагъи батэу къызыкIуэзыхьа тIуанэри Іэ щIыIэкIэ зэ къахэIэбжьжынути щIалэ щIыкIр адэми, анэми япIэщIэу лъэныкъуэ иригъэзынут.

Ауэ гъащIэщ ар, щхьэкIуэ зышэчым - щхьэ шхыгъуи къыпокIуэкIыж.

Дзэ къулыкъым Нащхьуэ къыхэкIыжащ авиацэм и полковник цIэр зэрихьэу. И бынунэр здэщыпсэур кьалащьэрт. Къэшэж Нащхьуэ (Инал) Балъкъ псыхъуэ диха таурыхъ кIэухынщэм и уджыр пхъу закъуэм джэрпэджэж макъамэу игъэтхытхырт. Пасэу тхэн щIэзыдза Къэшэж Инэ и урысыбзэр лъэпкъыпсэ куум и тэрмэш Іэущхьут. ГъащIэщ лъэр! Апхуэдэ Іыентхуэ къеуэкIэм, дауи, гу лъатэрт «уейуей» ящыжригъэIэу усакIуэр къызыдэгъуэгурыкIуэ и лъэхъэнэгъуэкми. «ЛъамытакIэщэрэт» щыжыгIи кхъухьу: УсакIуэр «зи фэр зи бийхэм» ящыщщ-тIэ. Къэшэжым и усбзэр 60 гъэхэм макъамэ жьгъырууэ къыхэтэджькIыурэ къэралышхуэм и щIыналъэ жьыжьэхэм уэрэд цIэрыIуэу щызэIэпахырт. Инэ и поэзие нэхутхъэхум зэм джэгуурэ дыгъэ бзийжэр игъэкIыпт, зэми уафэ хъыринэу лэгъупыкъым зыщыщIиупскIэрт. Адэ-анэр хуэузыншэурэ лъахэм и Іэплlэри гуапэку, адыгэ пщащэм и усбзэр сабийм и дыхьэшх макърэ щIалэгъуэм и ваГъуэ пшыхьу зэщIэжьыуаду. Дыгъэпс уэшхым и щыгъэ джэшу зэпыщащырт адэм и псысэхэр. Абыхэм къащхьэщытт щIэх-щIэхыурэ Къэшэжжэх кьеблэгъэж пщащэр усакIуэнэкIэ зыIуриплтыхьх лъахэм и сурэтхэр. БлэкIырт гъэхэр, уэрэдыр кьанэрт. ЩIилъхьэжт къзэпльхуэкр - уэрэдыр пыхьэрт. Пльэлъжырт къэралыр - уэрэдыр... бзащъхуэрт, итIани Іуэщхьурт, адэкIэ... зилъахэрт!

ИЛЪЭС 19 хъунущ Инэ зэрымыусэжрэ. Илъэс 19 мэхъу абы и ныбжь - нэкъыфIощIым, зэм жеиншэ жэщу къыстекIуатэу, зэми пщIыхь жэуапыншэу сфIыIукIуэтыжу, сыкъызэрзыхигъэзыхьрэ. Дэтхэнэ гурыгъу узым укъиришэжьа, Жьуджалэ хей? ПхуэмыIуэтэжыр дэтхэнэ гъэвыгъуэм и тезыр? Хьэдэджадэу укъыздрикIуэж а лъаГъуэр сэ куэд щIауэ ныпхупхырызотхъ 2000 гъэм и банэщIэнэу. УощIэж-тIэ 1991 гъэм къыхэбна мэгъу уэсэр: «Илъэсибгъущ къэнэжар.Илъэсибгъу...».

Узыхуэпсэуа лъэхъэнэр къызэрылэдакъуэзжыр абы щыгъуэ зыхэпщIати ухыщIэрт. Гурыму кьежат ущIэзыIубэжыну уи мылылъэр. Щхьэж и мылылъэ иIэжщ-тIэ. ФIэкIыпIэншагъэм и хьэпэщыпхэ дыуэу щыбдыкIыжа а сатырхэр къаззрыгурыIуар «лIэщIыгъуэм и кIэухыу» пIэрэт? Сэ ар хуэсхьат уи псэ пIалъэм. Хуэсхьат - гущIэгъунщэу узыIурызылъафэ а жьэлъэтIанэ гу(ы)ихыр, зэгуэр си псэ си щхьэкIэ къысщIыхьэнути.

...ИтIани зыгуэр къыщIэзоукъулыжрэ 2000 гъэм и зы Іуплъэгъуэу зи лъэужь умылъэжа гъатхэм. ГурыГуаэзкIэ сохьэ Переделкинэ щIапIэм. НэкъыфIэщIкIэ къызоплъыхьуэ уи тэмакъыщIэ тхьэджэм пшыналъэ къырткIэ къыпежьууа бзур. Вагъуэ нэщэнэкIэ къызохутэ уи лъэр хьэсэ пабжьэм щыщIэхуа дакъикъэр. Махуэрэпскlэ зэпызолъытэ псэр теуджьжьыбу пкъынэ-лынэр хадэм зэрыкъуэкIытыхьа жэщ-махуэхэр: хы..блы?! Аргуэрыжьу зыгуэр къыщIызоуплъэпхъэщ а щIыгулъым - усэу птхам я усащхьэу - уаХъты Іупщlакlэм къыпитkIуа сатыр джалъэр! А зы сатырым тыхь хуэсщIынти шакъэпс Іэмпlэу къысщIэнар... АрщхьэкIэ Усакlуэм апхуэдэр техьэпщIэу здищтэж къыщIэкIынщ. Ущащхьу и уэрэдпежьэу пIэрэ ар?

СИЭЖЖЪЫМ адэкIэ къэслъыхъуэни, Іэгуэнэщ-Іэщщжафэу сопыIэ. Си нэхъыфIэщIуэр уи ныбжь дахэр - журт хьэмэшыпхэм игъэщыхьар - а зэи зыэзрумыгъэнщIа лъэпкъыбзэмкIэ изошэжьаж! Накlуэ, си Жьуджалэ, иджы ухуэныкъуэжкъым псэжь тхьэпльанэ, зэи упщIэхэлъыххакъым чристан жор. НакIуэ. Уэ пхуэдэр гъэриб Іус хуэныкъуэ? Иджы узо-шэ-жьипэ уэс шэджжэнэплъхэм я лъахэ.

Уплъпэгъэкъэ ди КIунитIыгъэ и бгъафэ гъуэлъымы? Уехъуапсэртэкъэ мо ди екIэпщIэхэм я тхьэгъу ГъупщIахэм? УепщIыхьыртэкъэ Балъкъ и тхъурымбзхум? Уи усэтэкъэ а мывэ джей щхъуантIэпсыр? ХхуэлIатэкъэ ди тхъуэбзащхьэхэм? Мо-одэ Къэшэж и псынэмкIи дыкъегъэкIуэкI! Уи адэшхуэхэм щэрэ мину аргъынэ кьрахьэхыр мо мэкъупIэ бгьылъэжм. Ахэри уи уэрэдт.

Зэхэпхрэ, Жьуджалэ, ДжэтэгъэжкIэ жьыбгъэр зэрыфийр? Абы бгъэчкIэ игъэджэгури уи макъамэт. Иджы акъужькIэ дыусэурэ гуэл бжьэпэхэр къэдгъэуждыжьыж мылылъэ жьэгъуэхэм я псыкъелъэхэм дахэгъэхьэж. Бзиихуэхэм льапэпцIийуэ зыныткIэлъашийуэрэ, уэсэпсымэ къызыпих псыкъелъэхэм дыщIэгъапплъэ. Дыкъэсыжаи, си Жьуджалэ, мес ди Джэдмыих! ПлъагъуэрэабыицхъэщкъуэпС цIынэ блаблэхэр гъадэ тхъуГъэу зэриупцIыр? А блапцIэ дыжьыныфэхэр изогъэщхь ди анэшхуэхэм я фэдэныкъэхэм (ауэ ар сэ си уэрэдщ, зэгуэр пхуэсIуэтэнщ). Иджыпсту схущIэдэIу псыкъелъэм къиужьгъыж псысэм. Дэплъейт, си дахэ... Ущыбыдзафэм ди дадэжр щIэгуэуэщхьуэа «Арысей пхащIэм» лъапцIэрыщIуэ укъыщIисшыжу пхуэзгъэтIыгъуэм уIуэгъэпльэнщ. Мес ар - Нащхьуэ нимыжьыIсауэ уэс шэджжэнэплъхэм я дунейр! Уи дыщасэ тыгъэщ... Уи уахътыншагъэщ. Уи псысэщ. ХэкIэсауэ щытми, псэ къарууэ сиIэмкIэ узогъэщIасэ!

Уэс шэджжэнэплъхэм ЛъапцIэу сыкъыхоныр уэс Іубахъэр къыщIэщхьыкIыр, дыщасэ лъагъэкIэ ди Псысэ пщIыпщIым ухохьэж.

Мазаещ...

КЪАРМЭ Іэсият,
«Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозреватель.

УсакIуэ ныбжьыщIэ Къэшэж Инэ и усэхэм Союзпсо радиом къыщIодж. *1960 гъэ*

● Нэхъыжьым и псалъэ

Къурш псынэ къабзэ

Мы тхылъыр, «Вольный Аул», зытхам илъэс пщыкIуийщ и ныбжьыр! Апхуэдэу щыщыткIэ, нэхъ гуапэж къыпщохьу абы и лэжьыгъэм нэхъри тезыгъэгушхуэ псалъэтI-щы жепIэну. Сэ сыхуейщ къыхэзгъэщыну зэчий зыбгъэдэлъ сызэрыхуэзам сызэригъэгуфIар. Къэшэж Инэ и усэхэм укъыщеджэкIэ, псом ящIэу гу зылъыпIэр абы езым къыдалъхуа зэчий зэриIэрщ. Мы тхылъыр къызэрызэтесхьу сыкъызэджа сатыриплым сэ саГъэгуфIащ, а усэм зэуэ къысIуригъэуащ къурш псынэ щIыIэм и мэ гуакIуэр.

ЯЗЫНЫКЪУЭ критикхэм къащохьу зы Іуэху гуэрым укъыхуезыджэ усэхэр Іэмал имыIэу кIий-гуоууэ зэхэлъын хуейуэ, ущие гъущкIэ Іуэхур зэфIэкIыу. Ардыдэмкlи ахэр зэранышхуэ къахоухьу ди усыгъэм. Узытезашэ, уи гур къззымыгъаблэ псори усыгъэм пэIэщIэщ. Псэм кIигъэщI дэтхэнэми хуэдэу, усыгъэри къыпIкърыхьэрэкъым абы зы щIэ гуэр хэмыльмэ, зытхам зы щIэщIигъуэ жьIэкIэ къыхуэмыгъуэтамэ. Уи гуапэ мэхъу Къэшэж Инэ гупсысэщIэ зэрылъыхуэри, къыгъуэтар кхъыззриIуэтэн къыззригъэщIыфри. Абы и усэхэм дыкъыщеджэкIэ, дунейм дэ доплъ ди щыплъэгъум хуэдэу. Си гугъэмкIэ, а щытыкIэм уришэныр гъуэзджэм и къалэн нэхъыщIэхэм ящыщщ.

Сэ сыусакIуэ щIалэжкъым, ауэ гупсэхуГъуэ къызиту щIэзджыкIащ усакIуэ ныбжьыщIэм и тхылъыр. Аращ мы сатырхэр стхынри къызыхэкIар. Тхылъым сыкъыщеджэм, сэ мыззу къысфIэщIащ гъэмахуэ бадзэуэгъуэ махуэм хъарбыз бзыгъэ къысIэщIалъхъа е жыг баринэ жьауэм сыкъыщIэхута хуэдэу. Сигури си псэри апхуэдизкIэ дихьэхат сыкъызэджами, сэ сльагъу хуэдэт удзыр къызэрыкIыре мэзэ щхъуантIэм уэшхыпс гуакIуэм зэрызыхигъэпскIыхьыр. Абы къигъэлъагъуэр зыщ: усэхэм яхэлъ пэжыгъэрщ. Езыр-езыру гум къыпIыпIа-дэу ятхам апхуэдэу уегъэгуфIэ, зыхаГъэзыхьыжурэ къагупсысам гужьгъэжь уеГъэщI.

Узыпэмыплъэхэ зэгъэпщэныгъэм зэуэ къуеГъэлъагъу Къэшэжым и зэчийр. Абы уимыгъэгуфIэнкIэ Іэмал иIэкъым, усыгъэр псэкIэ зыхэпщIэхэзмэ.

Къэшэж Инэ къыщыхъуар Мэзкъуущ, ауэ абы ди республикэри фIыуэ елъагъу, дэ тщыщ дэтхэнэ зыми хуэдэу.

Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым, бгырыскэм яхуитха усэхэм гу хуабагъэрэ псэ гумащIагъэрэ яхэлъщ. Ди щIым и теплъэ зэмыфэгъуэр дэгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ усакIуэм и тхылъэм.

Къэшэж Инэ и усыгъэм сыщыIущIа махуэр гуфIэгъуэ махуэу къыхуэщIэкIащ. Сыхуейщ си гуфIэгъуэр тхылъеджэхэм кьыздагъуэшыну. Си гуапэщ нэхъ гъунэгъу фхуэсщIыну нобэ и япэ тхылъыр фи пащхьэ кьизылъхьэ, зэчий зиIэ усакIуэр, пхъэгулъей кьудамэу ар фи Іэм Іэщlэ-зылъхьар.

КУЛИЕВ Къайсын.
1962 гъэ

СымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым

Къэшэж Инэ сэ япэу сыщыхуэзар ЦДЛ-м (ТхакIуэхэм я унэ Москва дэтым) и буфетырщ. Абы и буфетагъым нэхърэ нэхъыбэ и зэщIанIэ-зэрыцIыхунIэт, зэпсэлъанIэт.

Сызэдзэкъэн тIэкIу къасщтэри сытIысауэ сыпIымэ, си гъунэгъу Іэнэм рэрыст Инэ и закъуэу. Сэ, пэжу, япэми ар зэ слъэгъуауэ щытат, илъэс 18 фIэкIа мыхъуу Налшык къэкIуауэ. Тхылъеджэ зэIущIэ иращIэкIам и япэ тхылъ цIыкIур къыщIызитат, моуэ кьысхутритхэри: «Сыт и лъэныкъуэкIи насып уиIэну сынохъуэхъу!» ЗэIущIэм куэд кьрихьэлIат, Іэджэми яритат тхылъ. Дауи, абы сэ сыкъицIыкухьыртэкъым. Сэри сыбжьыртэкъым абы щыгъуэ Инэ сыIущIаеу, ауэ кьзэмыщIыхьмыплэр иIэтэкъым хьыджэбз къамылыфэ зэкIужьыр.

Сыщыст, сыхуэкъэплъу, ауэ сыбгъэщхьэфыртэкъым - кьезгъэкIуртэкъым. Іэмал сыхуокIуэ. Зи щхьэр гъэбыда кьэнжал пIащIэ гуэрым иту пивэ сыгъти, ар кьызогъэсэбэп:

- Кьысхуэгъэгъу, - жьзоIэ, сыбгъэдохьэ, сэлам изохри. - Мыбы и щхьэр дауэ пIэрэ зэрыгтрахыр?..

Абдежым си нэкIэ сльагъуу зэщIопсэ хьыджэбзыр. Сэри, сытыбзэкIэуи ирехъуи, си япэ псалъэр зэрыжысIэу сызэрыадыгэр кьызэращIэр сигу кьокIыж.

- Уэ Къэбэрдейра, - жи, - узыщыщыр?

Арати, зыкъызогъэцIыху. ЖыпIэкIэ уи фIэщ хьунукъым абы гуфIэгъэуэ иIар! Зы сыхьэт хуэдэкIэ дыщысагъэнщ, дыпсалъэу. Іэджэм дытепсэлъэхьыну дыхунэсауэ, хьыджэбз гуэр кьыбгъэдохьэ:

- Инэ, моторыр кьыдожьэ!

Абы и ужькIэ мызэ-мытIэу сыкъигъуэтащ телефонкIэ, хуейт дызэIущIэну, ауэ сэ зззэмызэщ зэман щызиIар. Сэ сылажьэрыеджэт. Аушыджэр кьуажэкIэм сыдзэу Москва Горькэм и цIэкIэ щыIэ Литературэ институтым сыщеджэзу арати, экзамен стыну сыкъызэдгъкIуам, щIэныгъэлIхэм, профессорышхуэхэм я дерсхэм махуэ кьэс едаIуэхэм, жэщи махуи тхылъым кIэрысахэм хуэдэ сыхьунт, нэхъ лейуэ зыхэмыгъэхьэзыру хьуртэкъым.

Ауэ дызэхуэтхэрт, дызэпсалъэрт телефонкIэ - дызэпыщIат. ПщIэнтэкъым сэ къызэрызэIэпыкъумкIэ абы зыщIыпIэ жэуап щитыжьыну хуейуэ фIэкIа, стхыхэм, творчествэм щызIэ лэжьыгъэхэм щыгъуазэ зищIыну зыкIэ хущIэкъуртри. Инэ зэман-зэманкIэрэ зыкъысхуигъазэрт письмокIэ си усэщIэхэр хуезгъэхьыну, ахэр урысыбзэкIэ зэридзэкIырт. 1983 гъэм урысыбзэкIэ къыдакIа «Свежесть» си усэ тхылъым ихуащ Инэ абы щыгъуэ схуэзэридзэкIахэри.

Си закъуэтэкъым Къэшэжым пыщIэныгъэ зыхуиIэр. Ар къэбэрдей усакIуэ куэдым япыщIат, мыувыIэуи ядэлажьэрт, я тхыгъэхэр яхуэзэридзэкIырт, ахэр кьыдэгъэкIынымкIэ ядэIэпыкъурт.

ГъащIэ иIакъым усакIуэ Іэзэм. Иджы, ари дунейм ехьжри, зэмани дэкIыжауэ, согупсысыжри, сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым: сыту цIыху дыщэт! Сыт хуэдиз лъагъуныгъэ уи хэкум, укъызыхэкIа лъэпкъым, абы и литературэм хуиIэн хуейт, абы дэ къытхуищIэу щыта псор пщIэн щхьэкIэ?!

Нобэ, бэзэр зэхущытыкIэ угъурсызым и зэрыгъэкIа, дызэпызыщIэни, зэдзэкIакIуи, дызэщыжакIуи димыIэжу дыкъыщыпха зэманым зэи хуэмыдэжу дыхуейт Къэшэж Инэ хуэдэу гурэ псэкIэ кьыдбгъэдэтэн, ауэ...

Инэ дыхуэныкъуэщ!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Гупсысэм пэджэжуэрэдхэр

Къэшэж Инэ литературэмрэ уэрэдымрэ зэуэ хьыхьащ. Абы и япэ тхылъыр 1962 гъэм дунейм кьытохьэ, илъэситI докIри, композитор Колкер Александр детх «Опять плывут куда-то корабли» уэрэдыр. Ар зэуэ цIыхуэм фIыуэ яIыгъэщащ, «щIы гъунэм» зэрыщIтхар арагъэну пIэрэ жыиугъэIэу. Уэрэдыр композиторымрэ усакIуэмрэ щатхар Карскэ хырат, пхъащхьэ кьезышэкI «Туломалес» кхъухьым ису. ИужькIэ Инэ ядэлэжьащ композиторхэу Троцюк Б., Савельев Б., Рубашевский В. сымэ. Абыхэм зэдатха «Мальчишки России», «Я иду из кино», «Позови меня на свадьбу» уэрэдхэм сауГъэтэжэ зэпеуэ куэдым кьыщахьырт. Ауэ Инэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэм я нэхъыфIыр Островский Аркадий макъамэ зэхуитхахэр арагъэнущ. Композиторымрэ усакIуэмрэ я гупсысэр гъэщIэгъуэнышIэу зэтехуащ. Абыхэм кьагъэщIа уэрэдхэр я псалъэкIи я макъамэкIи дызэмысауэ щIэщ, тегушхуэ зэраIэм, гъащIэм губзыгъэ зэрыхэплъэм и щыхьэту. Псалъэм папщIэ, «Полутона» циклым щыщ «Лунный камень», «Круги на воде» зыфIащахэр, нэгъуэщIхэри уэрэд щэнхабзэр нэхъ бей зыщIа Іэдакъэщ1экIыу кьызолъытэ.

Дунейр мамыру щыгъэтыным кьыхуеизыджэ «Атомный век» уэрэдыр псынщIэ дыдэу цIэрыIуэ зэрыхъуам къыщынэмыщIауэ, совет уэрэд нэхъыфIым и Союзпсо зэпеуэм и лауреат цIэри 1966 гъэм кьилъэщащ.

Уэрэдыр - цIыху мелуан бжьыгъэм зэрызахуэдгъазэ псэлъапIэщ, макъыбзу, гум щIыхьэ гупсысэм пэджэжу. Уэрэдыр нэм кьиубыд гъунапкъэм ебгъэщхьэмэ, Къэшэж Инэ, дэ тщыщ дэтхэнэми хуэдэу, и уэрэд нэхъыфIыр иджыри итхакъым.

**ФЕЛЬЦМАН О

Іэзэгъуэ лъэщхэм я лъэщ фи къабзагъэр

Лэгъупыкъуу зы шакъалъэ

Щыэу пІэрэ псэрэ лъырэ ялъэща? Жэуапыр - Къэшэж Иннэ и усэ дунейм ущыхьихьэкІэ, зы псэгъэнщІыгъуэу щатэурэ, пащІэкІэм щІохъуэпсыкІ...

Уэгунэбзу! Бзэрабзэ! Е жьуджалэ?! Дэтхэнэ псалъэкІэ къыщІэзгъэлъэнт уи усэпсэр - Тхьэ Іэужьхэм я лъэщ лІэужьыбзэ шакъалъэу пхузеземыхьатэмэ? Усэ фащэрти, урысыбзэ хьэлэмэтыщэм адыгэпсэр мафІэу къыІурихырт.

Уи уэрэдзэр анэшхуэ макъкІэ жысІэжыну сехъуапсэу аркъудейт, ауэ щыхъукІи, зэм хъэтІым сецырхьын сышынэрт, зэми а къыхэсхар бзэм зимыгъэнщІыжу сфІырихьэжьэурэ сылъатэрт. Апхуэдэурэ иджыри сыпхурикІуэнущ а уи «кхъухьтедзапІэм» щхьэщыт лэгъупыкъум...

Къэшэж Иннэ зэрытхар урысыбзэщ, ардыдэрщ усакІуэм и тхылъхэр дунейм зэрытетри. Иджы диІэщ тхылъеджэхэр щІэгуфІэн гуэр: Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкІыну егъэхьэзыр Иннэ и усэхэм я адыгэбзэ зэдзэкІыгъэхэр. Тхьэм дахэу иригъэхъулІэ!

КЪАРМЭ Іэсият.

* * *

Сыщы**І**ущІэм деж псыкъелъэ,
псэкІэ щхьэщэ согъэтІылъ.
Къуршхэр магъыр, псэкІэ джалъэу,
ягъеижьыр сыт гущІэлъ?
Ягъеижьыр - зауэ лыгъэм
Іугъуэ кІэнщэу ишэщІарщ,
мэлыхъуэхьэхэр хэкъугъэу -
псыщхьэм - ныбжьу трищІарщ.
Тхьэху фэеплъу тхъурымбэхум
абрэмывэхэр къыщІоплъ,
пащІэ-жьакІэ зэщІэмыхьэу
ежьэжахэм якІэлъоплъ!
А псыкъелъэу емылыджьым
зы Іущ**І**аплІи пэмылъэщ,
а псыхэгъэм и нэджьдыжьм
анэ гъыбзэхэр щоІуэщхъу.
Мыл джей шэхухэм я къатыщхьэм
уардэ сыну нурыр пех -
а псыкъелъэхэм я пащхьэ
джэрпэджэжхэм зыщагъэщхъ.

1989 гъэ

УЭШХ

Къошх - иупцІу соку телъыджэр - уэшх:
къемызэгъ абы фІэпщыну «уэшх».
Къемыжэх, къемыжьэшхауэ мыр,
щІыр ирилъэсыкІыну лъащэрт псыр.
Гъуэзыр къалэм гъуахъуэу
къыщхьэщытт,
алъпхэм я макъ жьачэу хэщыщыкІт.
Уэшхым жьатхъуэу фІалъэкІэ щІыр
етхъу ...
Къемыжэх, къемыжьэшхауэ - щІыр
ирихыжу къоукІуриехыр псыр.
«Нартыжь уэшх» - нэхъыжьхэм
жьыхуаІар -
унэхэр дэщІыщІэу щІачэрт ар.
Къемызэгът абы фІэпщыну «уэшх».
Шууэ зекІуэ псори мышууей,
уанэ зытелъ псори мы-Тхъуэжьей,
уэшхыр икІуэтыжурэ йожьэж,
хьэмкІэу къыр плІанэпэхэм дохьэж,
щыблэр мафІэ лыгъэу егъэхъуэпскІ -
матхъуэ шы емлыджу уафэхъуэпскІ.

1972 гъэ

* * *

Уэ умыщІэми, щы**І**эщ зы щІыпІэ:
кхъухьыжь тхыцІэр зи щыгуу къурш
бжаблэ,
Балъкъыжь псыхъуэ щхьэщыт
кхъухьтедзапІэ -
пасэрейхэм я жьэгу - Къармэхьэблэ.
Уэ умыщІэми, псысэр нахуапІэщ:
хуэмыныкъуэт лъэмыж
кхъухьтедзапІэр,
арщхьэ, пщІэрэ, зэгуэрым псы кІуапІэу
къыдэкІащ си лІакъэжьым и псыпэ.
Уэ умыщІэмэ, упщІэ, щІэупщІэ -
ауэ уи нэкІэ плъагъумэ - зэхуэдэ...
И плІэм нэс уафэ Іэплім ещІауэ
бгы щэджащэ мэплъырыр кхъухь хуэдэ,
хьэуэ, уафэркъым, хы купрауэым
ар хохьэжьир, пшэ тхьэхухэр бырыбу...
Кхъухьыр пхокІыр лІэщІыгъуэхэм
хуарзэу,
нэхъыжь гъуазэм темыкІ небэ-къебэу,
уахъты фарзым хыхьэжмэ нэхъыжьыр
шэрхъ Іупщ**І**акІэр еубыд зыхуэфащэм.
Къыщхьэщохьэ борэнхэм я жьапщэ,
уэму пшагъуэ, итІани мэхуарзэ,
къоІур макъ зэпигъэзу гуфІэгъуэр -
шэрхъ кІэрахъуэм ириплъэсу:
«Лъа-а-хэщІыр!»
Лъахэщ ар, ди лъэпкъжэпкъым и
дыгъэу,
и жьэгу яжьэр Іиманым и купсэу,
епцІыжакІуэм нэлатыр щытегъэу,
щемыблэжу зыгуэр и щхьэ и псэ,
зауэ тхыдэхэм я текІуэныгъэу.
А кхъухьышхуэр есынущ мыпІащІэу -
емысыххэми - ес къытфІигъэщІыу,
зиуэзщІу си лъэпкъыу Іумахуэм,
и гугъапІэр дэрауэ жэщ-махуэ,
и пщІэ и щхьэкІэ тхыдэр игъахъэу,
и вакІуэлІхэм щы Іупэр я махъэу,
къэрэгъулу къурш гъуохэр къеплъыхыу,
къалъхуагъащІэр зэпщІыхьыр:
«Си лъахэу...»
Уэ умыщІэмэ, сэ сыпхуохъуапсэ
купрауэ хурикъуну уафэпсэм:
зэпЫІуихыу и нэз Къэбэрдейм -
уІуплъэну а кхъухь уэс чэсейм!

* * *

Зыгуэрым гущхьэр сфІыхеупІэ,
къызгурымыІуэ сытми ар.
Къыдызолъэф зыгуэр щыхупІэ -
соплъыжри - аркъым къэслъэфар.

Зыгуэрым папщІэ си гур хощІыр,
къызгурымыІуэ - сыт къэхъуар.
Зыгуэри къысхуэныкъуэ сфІощІыр,
ауэ сымыщІэ хэтми ар.

Къэблагъэу къаджэри дакъикъэр,
сыкъигъэуІэбжьу кІыызжиІащ:
Уэращ, а уэ узыхуэныкъуэр,
нэгъуэщІкъым плъэфыр -
уи щхьэр арщ.
Арауи сощІри, Тхьэм и фІыщІэу
Іиманым си псэм эрихьэху,
сыджэнуц - псэкІэ сыдэхыщІэу
а зыхуэныкъуэм си щІыхьэху.

1975 гъэ

* * *

Гу пщызмыхуэ, къунан емлыдж,
адыгэшу емынэ шабзэ -
Бзэрабзэм!
Жэщ жеиншэхэр схубогъэхъуэпскІ,
кІапсэ сокур жьапщэм хилъасэу.
Жэщ жеиншэхэр Іуантlагъэ егъут,
лъагъуэ бгъунлъэхэм траха пщалъэт,
лъынтхуэ кІантlэхэм я щтапІэ кугъут,
кугъу дзэлытlхэм
къуейщІейр удэплъэт...

Зы Іэмали симыІэдэжт...
Жэщ жеиншэр зи хьэпэщыпхэм:
хьэпэщыпхэр - умыупщІыІуж -
зесхьэкІынут дуней хьэзабхэм!
Кугъу гъэрыпІэм сыкъыІэщІэш,
хьэпэщыпхэр здумыхьэжьэж.
Зызмыгъэнщ**І**урэ къыщІэзгъэлъэнт
си псэу уи цІэм кІэлъыджэж усэр,
гущэхэпхэу есщІэкІыжынт
а жэщ макъым къиІукІыж псысэр -
Бзэрабзэр!
Жэщ жеиншэу Іуантlагъэ кукъум
къытебгъаззурэ игъуэщыхь закъуэ.

1966 гъэ

* * *

Узу щы**І**эм къапекІуэкІ узыжьыр
къыстекІуатэм, псэр къызоныкъуэкъу,
зызыщызмыгъэнщІ си лъахэ жьжьэр
щхъэщхъыу Дунай псыщхуэм
щохьэкъуфыкъу.

КъызощІэжьыр -
блыным фІэлъу фоч,
шым тес си адэшхуэу - лІы Іэчлъэч.
Балъкъ,

Чыщбалъкъ,
Унэжьым и бжэблипкъ.
ЗыришэкІыу нанэ Іэплъэщ**І**ышхуэр,
щІэгуфІыкІыу пащІэм си адэшхуэр...
Йопэщщ си хьэтlхьэпІащІэщыгъэу
Щ**І**ыпІэ жыжьэ кІрезгъэха тхыгъэм.

... Зэралъхьэжу пІащІэу я хъуржынхэр
Къалъыхъуакъым зэй Варшавэ
гъатхэр.
Ахэм ялъэгъуакъым зэй Карпатхэр.
Я напэпкъыу дыгъэнэпс лъэдэхыр
фагъуэу зэй пихуакъым Берлин
уэшхым...
Тезмыц**І**алэу сэри шакъэ ткІуэпс,
тхыгъэр тхыгъэм тещІэу салъоІэс,
къыскхуеджэнкъэ, схуащІу
бжэщхьэІутес!
Балъкъ,
Чыщбалъкъ...
Бжьэпэшхуэхэм я нэпкъ...
Фы**І**уэ слъагъу щІыпІэцІэхэм я хьэкъ.
Хущхъуэ. Хущхъуэу щы**І**эм я жылэпкъ!

1965 гъэ

* * *

Схуэзэпищэу епэрымэ махъэр,
дыгъэм дыщэпс бзийуэ зелыпщІыж.
Къы**І**ущэщу гъэмахуэ таурыхъэр -
гъатхэр нэхущ пщІыхьэ мэупщІыІуж.

Псыпц**І**э бзууэ сыкъыхощт, сокъыртри
нурыр къысщхьэщыхьу сыкъэоуш,
а дыщэпсым зыхэсшыІтІыхьынти
згъафІэу бакІэ, арщхьэ ... йокІуэтыж.

УкъэкІуэнущ уэ абы ещхь дыдэу
данэпс гурыфІыгъуэ къызэпщІэкІыу,
сыппежьэнущ усэ дамэр сІэту -
уэсэпс зэпыткІукІхэр пхуэзгъэуджу.
Сыту жыпІэм, псыхъуэр Балъкъ
игъахъэу
лъэмыжыжь Іэгъуапэхэм йопщхьэж,
сыту жыпІэм, гъатхэпэ хъэрахъэу
уи дыхьэшх макъ лъэщыр
къысщІохьэж.
Сыту жыпІэм, дэ балигъ дыхъуауэ
пщІыхьэпІэ тэрмэшхэм дащохьэщІэ,
сыту жыпІэм, псысэр къэушауэ
си уэрэдым гъатхэу щогумащІэ.

1963 гъэ

* * *

Сащы**І**оущІэ дэнэ щІыпІи
куэдрэ си лъахэгъуэм:
зыхишытІэу насып фІыгъуэм
Къогуфы**К**І нэкугъуэр.

Дыгъэ фІыцІэ - дыгъэ псыпсу
плІыр зэполыдыж...
Шагъыр пщІыпщІым и мафІэпсу
лъыр къоукъубеиж.

Псалъэ лейхэр зэхэдмыджэ:
зэІуплъамэ нэхэр,
зэрыщІамэ, зыхащІамэ,
къаІуэтэнур Іэджэщ.

Дызэблашыр гъащІэ гъуэгухэм,
дызэрашэлІэж...
ПІалъэр къосри ди бжэщхьэІухэм
псалъэфІитІ щоІуж.

А щІагъыбзэр догъэлъапІэ,
сытуи къару лъэщ -
зым щыжиІэм деж: «Къеблагъэ!»
адрейм: «Себлэгъащ!»

Пшахъуэхьэвэу дуней куэщІым -
цІыхур цІыху Іущ**І**ам -
жиІэн щхьэкІэщ а гуфІапщІэр:
«Уалейкум сэлам!»

Спэгъунэгъу - ирехъу - спэжыжьэ,
а шэчынышэ пэжу -
вагъуэкъану а телъыджэм -
сыпхрокІ гуфІэжу.

1967 гъэ

* * *

Гукъеуэ дзэпкъыр псэм къетІэхъуу
насыпыр щатэу Іукі**У**этыжмэ,
гупсысэ гъуазэр си щолэхъуу
уи деж, хэкужь, сынолъэтэжрэ,
уэчыл мыджылу си къурш лъахэ!
Си напІэхэр къелІыхми, нэІурыту
солъагъу уи пэж уахъутыншэхэм я щыгур
Мэзкуу къысфІыщхьэщыхьэу гъадэ
къату -
зэригъэщІэну гъащІэм щыхэсш
гъуэгур,
Зэпилъытыну щІым сызыхутету -
сыщІэтхэр, сыщІэбауэр, сыщІэусэр?
ЛІэщІыгъуэм естыфар, злэжьар,
си гъусэр,
сыхуэгумащІэрэ гущІэгъур
зыхуэныкъуэм?
Лей зытехьам хуэсщІар,
сызыхуэныкъуэр?
Нэр къиз**У**ыкІыж пэжым и жьэ нахуэу
къыслывохьж згъэхъахэм я жэуапыр,
сызыхихьа борэнхэм я хьэхъ щхър -
сызыдилъафэ ныджэхэм я псыпэр,
гу зыхуэсщІа урыс си Іыхьлы хьэхухэм
яжесІэр сыт - хэку мафІэр
къысІурихыу?
Иугъащ**І**э къуршхэм фи жьэнахуэ
Іущ**І**ым!
Фи зы Іуплъэгъуэм мастэри къеумыс,
зэфпхъэкІыркъым фэрыщІ
факъырэ Іус.
Фыкъокі**У**э ... А дакъикъэхэм сапэплъэу
мис, иджыпстуи гуфІэу псэр мэІэпхъэ!
Гъуэбжэгъуэщ гуэрхэм гъуэзу
факъыхэплъу
хьэкумэ Іущ**І**ыр къыщІэзэфщІэкІынум,
фыкъысщІымытхъуу е
фыкъысхуимылъу,
си лъагъуэхэм Іэдэбу фапхыплъу
и лъащІэм... Сыфпоплъэ.
... Сыт хуэдэ къэзэуат
къыслъымыхьами,
дэтхэнэ хьэзаб Іэл сымыгъэвами,
къэсІущэщынущ зы джэ макъыу:
«Къуршхэ!»
Фэращ гъадэ уахъутыншэхэм я пащхьэр -
плъыржьэри узи зэтезуІэфІэжу,
сабий сымаджэр зэрыкІэлъыджэжу,
щІыгулъ гъущІам уэшх къІуэпс
къилъэІухуэжу.
Сыфхунэмысу фылъагащэ пэтми,
Сызэгуигъэзу си гуэныхьыр куэдми,
Адэжь щІэину сиІэщ уафэ тыгъэ -
Іэзэгъуэ лъэщхэм я лъэщ фи
къабзагъэр.

1965 гъэ

НАРТ САНЭ

Н. В.

Уи ба Іэфі**У** соІубыр нарт санэм,
сыпэІэщІэу уи къалэ - псы софэ.
Щ**І**ым пІейтейуэ къыщІих ткІуэпс
нэрынэм
гущІэр пыІэрэ Іэпхъэу къыдофэ.
Іупэ джафэр мэгъущІэ, мэгъущІэ...
хьэцыбанэу, пхъэгулъу - къуэуту -
а Іэфі**Ы**щэр йоткІухь си фІыншащІэ -
санэ тхьэхум и дыгъэ уэрэду.
Уоу, псей кугъухэм я гуащІэ къабзащэ!
Бжьэ шэрэзхэм къапих хущхъуэ бзий!
Гур щыбзыгъэм куцІ еншэр си Іэпщэу,
псынэ шкІурыр йохуэхыр си джий...
Уоу... щІыгулъ: Къысхуэутlыпщ
псыІэрышэ,
гуащІэ батэкІэ си гур бгъэІущу!
Сыкъилыпщ**І**у щІы Іупэ пщтырыжьэм
санэ софэ уи бахэм ещхьыщэу.

КЪАЛЭ ХУЖЬ

Уи лъэмакъыу пІэрэ а къысфІэщІыр?
Е, сепщІыхьэкІуэжу аркъудей?
Цыджан тхьэгъуэр зыпщІэхилъхьэу
жэщым
и нэбжьыц вынды**ч**ыр егъэІей.

Хьэуа Іувым и Іубыгъуэ яеу
Іэфіщ къудамэ шэхухэм къапихьар -
тэмакъыщІэм йоткІухьыж макъамэу
гукъэкІыж иджы сызыхьар.

Бгы лъэкІэнхэр зи Іэпщэхъу а къалэм
щыпэу Іупэ мафІэ къыщысхуэпхьт...
Щ**І**ыэкъым дунейм зыпэсщІ а жылэр
фІынщэм щІэзу фІыгъуэр щІэзэрыхьт.

Апхуэдэххэу дыкІуэрэ дыкІуатэу,
гущхьэ псантхуэр лъагъуэурэ дошэщІ,
къыщыднар зыщІыпІэ ди Іэфі батэу
дыхоущыкІыж къалэ адрыщІ.

Арагъэжьщи, си етхуанэ къатым
щабэрыкІуэр къыдокІуей даущу,
зыкъысхуегъэщІагъуэ а нэпцІ ятэм -
къыр лъэджажэм къыщІэпс къалэ
хужьу.

1961 гъэ

ЛЪАХЭМ И СУРЭТ

Шэхуфэу уэс пыІэ фагъуэ,
лъыщІэжым и щІакІуэ жагъуэ,
нэхущыр зи Іущхьэ Іупэ,
щыхупІэр зи дамэ пщампІэ...
Дахащэхэм я ІэпапІэу
гущхьэІум телъ хьэзыр Іупэ.

* * *

И нитІыр уэсэпс Іумылу -
си адэр бгырыс лІы гуащІэт,
Гуапагъэр псэм щигъэджылу -
си анэри зы бзууху гуащэт.
Щхьэхуитрэ бийр иупщІатэу,
къыр нэзым зэгуэр щапІар,
лъыкъуалэ зыпыжьыр джатэу,
щІы щхьэфэм зэ ирикІуар -
хэплъащ шэпэІудз хъуа жьэгухэм,
хэгъэгухэм я яжьэ сахуэм,
лъыбахъэ зыщхьэщих гъуэгухэм,
лагъымхэм япхъ цей пытхъахуэм...
Гухэлъыр ипІытІ-ихуэри
псэ пкъынэм къыщІекъузыкІ,
лъыІэмпІэу уІэгъэр езри -
бзу Іэсэм и дамэр хокІ.
Бзуухур иджы бгъэ гуащэщ,
бгырысри зыгъэгумащІэщ.

* * *

Къуршхэ!
Сщ**І**эркъым фызыхуэзгъэдэнур...
Анэ нэкІу зэлъахэм
фапэсщІынт -
сынэмылъэтамэ лъагэ гуэру,
щыгум дауэ Іупэхэр хуэсхьынт!

* * *

Гъащ**І**эр - къэрабэмэ,
цІыхур - къапщІийщ,
епщи - зыгуэрхэр щыІэжкъым...
Щыуэмэ епщэр - дэнэ сихьыну?
НэгъуэщІ дунеи сымыщІэ...
сылъэтэжьыными сымыхьэзыру
дунейуэ щы**І**эри дапщэ?

Укъыхсхуэсакъыурэ епщэ!

1994 гъэ

* * *

Гъащ**І**э ныбжьыр гъэ щэныкъуэм
пибжэу
хуеІэтыж лІэщІыгъуэм шэсыжьбжьэ.
Сытхэр гъащІэм къыхуигъэфэщэж
уэс мыткІужьыр къытесэн ипэж?
И илъэсхэр фи илъэсхэм тещІэу,
напІэдэхьеигъуи уэху имыщІэу,
зэи хабзэ хьэкъ емыбэкъуа -
тІэкІу хухэту пІэрэт - тІэкІу жэкъуа!
ЕпцІыжакъым, си тхьэлъанэщ, дзыхэу
къимыкІуэту ихьырт и цІыху фарз.
Игъэпэжырт адэм и хэку-лъахэу,
лІыгъэм и гущапІэ - и Кавказ.
Щыпсэуа и лъахи хамэ ныджи
ар щещэтэкІакъым шыпшэруанэу.
Щысщ иджы, и шэсыжьбжьэ дыджыр -
ткІыбжьу лъапІэ пшыхьыр -
мазэхъуанэу.
Гъэхэр Іэтыгъуейуэ абрэмывэщ,
нэхэм къащохъуэпскІ щІалэгъуэ бзий...
Фэрщи, цІыхухэ, гу зыщимыхуэфыр!

Фалъэр шэсыжьбжьэу схуэвгъэщІей.

1991 гъэ

Литераторхэм я Центральнэ Унэм (ЦДЛ) Къэшэж Иннэ и усэхэм къыщоджэ.
Москва, 1961 гъэ, накъыгъэм и 25

Артист Іэужьыфіэ, цІыху лІэужьыфІэ Акъ Мухьэрбэч

● Фэеплъ

Псэужамэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут КЪР-м щІыхь зиІэ и артист, Абхъазым и цІыхубэ артист Акъ Мухьэрбэч.

ЗЭЧИЙФІЭ цІыхун и ужьыр къуэпсыбэщ. А Іуэхур щынэрылъагъущ Акъ Мухьэрбэч и гъащІэ гъуэгуанэм.

1949 гъэм щыщылэм и 18-м Жьэкъуэкъуажэм (Къэрэшей-Шэрджэсым) ар къыщалъхуащ. Мухьэрбэч Тбилисиди дэт къэрал театр институтыр къиухащ. 1972 гъэм КъШР-м игъэзэжри, профессиональнэ адыгэ театрым и лІабжьэр я щІыналъэм щызыхуахэм жыджэру яхэтащ. Акъым и гугъу щыщІкІэ, уи нэгу къыщІыкІэр зыщ - абы театр утыкум къыщигъэщІу щыта образ тельыджэхэрщ, и гушыІэ шэрыуэхэм зэщІаІэтэу щыта цІыхубэм я нэгурщ. Мухьэрбэч хэлъа зэфІэкІыр, гъащІэми уардэу къыщигъэлъагъуэт. Ахэр бгым къыщыуцджэрпэджэжым хэдзэу и гум къыщыхъейрти, цІыхухэм я пащхьэ къырилъхьэрт. Акъым роль 70-м щІигъу щигъэзэщІащ театрым. Абыхэм ящыщщ Мусрепов Г. и «Поэма о любви», (Кобзар и ролыр), Акъсырз А. и «Іэдиихуэ» (Темрыкъуэ и ролыр), Хьэгъундокъуэ Р. и «Две любви» (Кочкарев и ролыр), Джанкометти П. и «Семья преступника» (Коррадо и ролыр), Мольер и «Проделки Скапена» (Сельвестр и ролыр), Сапгир и «Кот в сапогах» (Людоедым и ролыр), Дзбагъуэ М., Абдокъуэ М. зэдатха «Мать предателя» (Берланги и ролыр), Шыд Ю. и «Пауки» (Вилал), нэгъуэщІ пьесэхэм щиІа гуимыхуэ ролхэр.

Мухьэрбэч и зэфІэкІхэр нэсу ирихьэлІэрт актёр джэгукІэми, режиссурэми, гушыІэ зыщІэлъ тхыгъэхэми. Къищынэмыщ1ауэ, Акъым фІы дыдэу къеХуулІэрт кином щигъэзащІэ ролхэри. Абы и теплъэм и закъуэтэкъым зэкІужьыр, атІэ и джэгукІэ гъэщІэгъуэнми удимыхьэхынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Адагъэнт кинорежиссёр щІэрыІуэ куэдым гу къыщылъытэр. Ялъэ ар экраным къихьащ «Всадник с молнией в руках» фильмым хэту. Къищынэмыщ1ауэ, Венгрием, Таджикистаным, Абхъазым, Москва, Ленинград къалэхэм щытраха фильм 12-м роль зэмылІэужьыгъуэхэр щигъэзэщІащ. Алхуэдэщ «Хромой дервиш», «Колокол священной кузни», «По следам властелина», «Гляди веселей», «Дюма на Кавказе», «Огненное детство», нэгъуэщІхэри. Мухьэрбэч и утыку итыкІэр ирагъапщэрт артист цІэрыІуэхэу Смоктуновский, Лавров, Жжёнов сымэ, хэбгъэзыхьмэ, абыхэм я джэгукІэм щефІэкІи щыІэу. КъызэралъытэмкІэ, актёрым нэхъыфІ дыдэу къеХуулІар Риза и ролращ («Колокол священной кузни»). Абы папщІэ Мухьэрбэч «Абхъаз АССР-м и цІыхубэ артист» щІэ лъапІэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. КъызэхэкІа лъэпкъым щэнхабзэ, гъуэзджэ я лъэныкъуэкІэ и зыужьынигъэр и хьэрэспапІэу, абы псэ хьэлэлкІэ, гу къабзэкІэ хэлэжьащ. Илъэс 38-рэ зи ныбжь, зи къару илъыгъуэ артист зэчиифІэм иджыри мурадышхуэхэр иІэт. Абы щыхьэт тохъуэ Мухьэрбэч нэмытхысауэ къыщІэнахэр... И тхыгъэ нэмыгъэсахэм хуэдэу, Мухьэрбэч и зэчийм ноби пэпщІэм щыІэкъым. Лъэпкъ гъуэзджэм и тхыдэм Акъым мыкІуэдыжьын лъагъуэ къыхинащ. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым а артист зэчиифІэм и цІэр Шэрджэс къэрал драмэ театрым зэрызэрихьэр. Мыри къыхэгъэщыпхъэщ, Акъ Мухьэрбэч ипхъу Акъ Динэщ иджыкІэ я театрым и унафэщІыр. ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ...

- Си адэр Къэбэрдей-Балъкъэрым фІы дыдэу къыщалъагъурт, уеблэмэ,

Шэрджэсым нэхърэ фи деж ныбжьэгъу нэхъыбэ щиІаеу гурыщхъуэ сощ, - щижеІэ Динэ «Горянка» газетым ирита интервьюм. - УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и ІэнбжьакІэ Фырэ Руслан жиІэжу зэхэсхащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кІэуэ и гъунапкъэм щынэсым деж, си адэр машинэм къикІыурэ лъэсу я гъунапкъэм зэпрыкІыу зэрыщытар, апхуэдизкІэ абы щыпсэухэм пщІэшхуэ яхуищІыр-ти. Иджыпсту сызиунафэщІ гупым ящыщ куэд си адэм длэжьащи, сэ зыхэсщІэ жэуаплныгъэм и инагъыр уи нэгу къыпхущІэгъэхьэнкъым. Си адэм и творческэ гъэзэуанэм сегупсысэ иужькІэ, къыхилъхьа Іуэхухэр щызэзгъэзахуэкІэ театрыр къеззэвгкІыу щытауэ къысщохъу. Абы и гушыІэхэр нобэми цІыхухэм зэпадзыжу кърахьэкІ икІи ар уи гуапэ мыхъуу къанэркъым. МащІэ дыдэ фІэкІа къиныгъэщІами хуэзфІэкІащ цІыхухэм я гум лъагъуэ нэху къринэн. Си адэм и фэр къызаплъым и мызакъуэу, и цІэр зезыхъэ театрым сызэриунафэщІым жиІэмкІэ зэгъэзэхуэ степлъэр тІуащІэу егъэбагъуэ. Абы къыхэкІыу сыхуейщ нэхъапэм театрыр цІыхухэм фІыуэ яІъагъуэ зэрыщытам хуэдэу иджыри езгъэлъагъуну. Симыгакъуэу ди гупыр зэрыщыту ерууэ яужь дитщ а Іуэхум. Театрым къакІуэу спектакль еплъа дэтхэнэми гъащІэм хуиІэ гукъыдэжыр щыкІэ, плІыкІэ бэгъуагъэ, дамэ тет хуэдэ щІэкІыжьи хуейщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, театрыр щІыхур псэкІэ бей, насыпыфІэ щыхьу унэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● ГъэщІэгъуэнщ





Занокъуэ Сэфарбийрэ абы и фэеплъ сурэтымрэ.

АдыгэлІым и теплъэм

«Конгрессым и библиотекэр» егъэщІэращІэ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я щыхьэр Вашингтон дэт «Конгрессым и тхылъ хъуманІэр» (Library of Congress) дунейм библиотекэу тетхэм я нэхъ ипу къалъытэ. «Адыгэхэм я щэнхабзэмрэ Іуэрыіуатэмрэ» зи фІэщыгъэ интернет напэкІуэцІым хъыбар къызэрыдигъащІэмкІэ, а Іуэхущ1апІэм и уардэуниплІм я нэхъыжь «Джефферсон Томас и ухуэныгъэ» и Іуплъапіэ мывэ блыным адыгэ цІыхум и щхьэм и сурэт къыщыкъэІущІыкІащ.

«АМЕРИКЭМ и щІэрэщІэгъуэ» зыфІащ лъэхъэнэм аууха тхылъ хъуманІэм щІэныгъэм епха хъугъуэфІыгъуэхэр зэрыщІэлъым нэмыщІ, езыри мывэхэкІым къыхэщыкІа ухуэныгъэ къызэрымыкІуэщ. Сурэтыщ1хэр, скульпторхэр, щІэныгъэлІхэр зэчэнджэщыжурэ зэфІагъэува а уардэунэм и Іуплъапіэм лъэпкъ 33-м я теплъэр мывэкІэ тращІыхьащ, дунейм щызекІуэ цІыху лІэужьыгъуэхэр къаІэтылъагъуэн папщІэ. «Лъэпкъыщхьэхэр» (Ethnological heads) зыфІащ а фэеплъ 33-м ящыхэщ адыгэ цІыхум и щхьэм и сурэтри. Шэчыншэ дыдэу щымытми, нобэкІэ утыку илъ хъыбархэм зэрыІуатэмкІэ, а мывэ сурэтыр зыщІа скульпторхэу Бойд Уильямрэ Джексон Генрирэ щапхъэу яІар 1845 гъэм Келлог Кильбурн Минер ищІа, Смисониан музейм щІэлъ натыхъуеипщ Занокъуэ Сэфарбий и сурэтырщ.

Мывэ сурэтыр зытет «Джефферсон Томас и ухуэныгъэр» 1890-1897 гъэхэм я зэхуакум яуха уардэунэхущІ. *«И гупэ щІыхьэпІэм и ищхьэдэ къуэпэмкІэ къыщыщІедзэри, Демосфен и фэеплъ лъабжьэм хуэзэу ирикІуэ теплъэхэм* япэ итщ урыс-славянщ, - топсэльхьэ зи гугъу тщІы мывэ сурэтхэм «Конгрессым и тхылъ хъуманІэр» ди нэгум къыщІэзыгъэхьэ гъэсэгъэгъэлъагъуэ тхылъыр. - *АдэкІэ къухьэпІэмкІэ екІуэкІыу къэгъэлъэгъуащ: европей сырыху; европей къуапцІэ; иджырей алыдж; перс (иран); Ипщэ (лжэдм: адыгэ (circassian); инд; венгр (лжэдр); семит (е журт); хьэрыпт (бедуин); тырку…»*

Сурэтыщ1хэм щапхъэ яхуэхъуа цІыхум шэч къытепхъэ хъуну щытми, абдежым къыщыгъэлъэгъуащ адыгэу зэрыщытыр тхылъ хъуманІэр уэзыгъэцІыху дэфтэр псоми итщ. Араущи, лъэпкъым хэкур фІэкІуэдын и пэкІэ адыгэлІым зэрихьэу щыта теплъэм теухуауэ дызэмыдзуэжми хъунущ.

«Ныбжьыщ1эхэм еджэн яфІэмыфІмэ, тхылъ къахуэфщэхуурэ библиотекэ цІыкІу яхуэзвгъэпэщ», - къыдат чэнджэщ сабий гъэсакІуэхэм: эшымэ, зэ епхъэнщ, тІэу епхъуэнщ, ауэрэ дихьэхынщ. Балигъэм еджэн яфІэмыфІмэ, сыту пІэрэ щэн хуейр? Тхылъымрэ щІэныгъэмрэ пщІэ хуэзыщІ Іэлъпкъ дэри Тхьэм дищІ!

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Тэрч щІыналъэ

Жыджэрхэм я тхьэмахуэ

Терекскэ жылагъуэм спортым щыхуащІ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ.

2019 ГЪЭМ и тхьэмахуэ эстафетэр стІолыщхьэ теннисымкІэ яублащ. НэхъыфІу джэгу спортсмен 12 зыхэта зэпеуэр удихьэхуу екІуэкІащ икІи абы фІым я фІыжжэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Къуэдзэкъуэхэ я лъэпкъым щыщ щІалищым: апэ увыпІэр Жанджэрий, етІуанэр - Беслъэн, ещанэр Залым сымэ я ябыдащ.

Теннисым къыкІэлъыкІуащ волейболымкІэ турнирри . Абы гуп нэхъыфІу 5-м я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ. Бжьыпэр ябыдащ «Вагъуэ» гупым.

Тхьэмахуэ псокІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэр гупих щызэпеуа мини-футболымкІэ зэхуащІыжащ. Абы апэ увыпІэр къыщихьащ «90 гъэхэм я щІалэгъуалэ» гупым, 2-нэр Хьэшырэ я лъэпкъым къызэрагъэпэщащ, ещанэр - футболым и ветеранхэм я «Заря» командэм.

ТекІуэхэм я цІэ ираІуащ къуажэ администрацэм и щІыхь тхылъхэмкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КЪЭР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ, полицэм и полковник Бэджыдэ Юрий цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр щыгъуазэ ищІащ 2018 гъэм я лэжьыгъэм къырикІуахэм.

2018 ГЪЭМ гъуэгухэм транспорт зэжьэхэуэу 605-рэ къыщыхъуащ. Абыхэм хэкІуэдащ цІыхуи 162-рэ, фэбжь ягъуэтащ цІыху 725-м.

- Ипэ ита илъэсым еплъитмэ, нэгъабэ гъуэгум къыщыхъуа насыпыншагъэхэр процент 11,4-кІэ, фэбжь хэзыхахэр проценти 8,7-кІэ нэхъ мащІэщ, хэкІуэдахэм я бжьыгэр процент 18,2-кІэ нэхъыбэщ. ПЫсырыгъуэхэр хэту къэхъуа насыпыншагъэхэр процент 15,1-кІэ, абы фэбжь хэзыхахэр проценти 8,6-кІэ ехащ. Сабийхэмрэ илъэс 16 ныбжьым нэсхэмрэ хэту къэхъуэ гъуэгу насыпыншагъэхэм хэкІуэдахэм я бжьыгэм хэщІащ процент 16,6-рэ, - жиІащ Бэджыдэ Юрий. - Къэрал автоинспекцым и лэжьакІуэхэм блэкІа гъэм къыщІагъэщащ гъуэгум зэрыщІэкІуэ хабзэр административнэу 982377-рэ къызэпаудауэ: абыхэм ящыщу 234668 - лэжьакІуэхэм, 747709-р - зытх Іэмэпсымэхэм.

УГИБДД-м и лэжьакІуэхэм автомобиль гъуэгуэр зи нэІэ щІэтхэм (ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ тралъхьа асфальтыр хъумэнымрэ) ятеуха уголовнэ Іуэху 364-рэ къаІэтащ административнэ хабзэр къызэрызэпаудам папщІэ. Абыхэм ящыщу 53-р Іуэхущ1апІэхэм, 126-р къулыкъущІэхэм, 185-р цІыху щхьэхуэхэм ятеухуащ.

Бэджыдэ Юрий къызэрыхигъэщащи, транспортхэр нэхъыбэу щыгъэжьэхуэр, цІыхухэр щиуКІыр федеральнэ гъуэгуращ.

Нэхъ шынагъуэншэу къаІэтэ, къаІэхэмрэ къуажэхэмрэ къызэрыпакІухь гъуэгуэр.

2018 гъэм гъуэгу-транспорт насыпыншагъэ хьэлъэ къыщыхъуащ Бахъсэн - Азау автомобиль гъуэгум. Абы цІыхух хэкІуэдащ.

Управленэм и унафэщІым жиІащ гъуэгум шынагъуэ-шэу щызекІуэным хэхаущ я нэІэ зэрытетыр, зы Іуэхуи гулъытэншэу къызэрамыгъанэр.

Бэджыдэ Юрий журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

ТкІийуэ я нэІэ тетщ

● Футбол

Гуп къыхэхар нэхъ лъэщт

Куэдрэ узримыхьэлІэ Іуэхугъуэ мэрем кІуам къыщыхъуащ Налшык и Сабий стадионым - Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и командэ къыхэхар утыку къихьащ. Апхуэдэ иужьу къыщыхъуар блэкІа лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэращ, иджы щымыІэж Совет Союзым и Лъэпкъхэм я спартакиадэм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ футболымкІэ и гуп къыхэхар зэхуашэсыныр къызыхэкІар гъатхэпэм и кІэухым щІэзыдзэжыну Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зэныбжьэгъуГуГъэ зэІуцІэ драгъэкІуэкІын папщІэщ. Абы куэд дихьэхащ икІи зэІуцІэм епГъыну Сабий стадионым цІыхухэр уэрэ къакІуэлІат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхар зэхигъэувэну дзыхь хуащІащ нэхъапэм Налшык и «Спартак»-м хэту екъуІэныгъэ инхэр зиІаеу иджы зи Іэзэгъыр сабийхэм яхэзылъхьэ гуащІэкІуэ цІэрыІуэ Гъэупльащ1э Асдерхэм. «Спартак-Налшыкым» нэхъыбэу хэтар хагъэхьэну зыкІэлъыплъэращ.

Джэгум и ябгъ дакъикъэхэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам тепщэныгъэр зыІэщІигъэкІакъым. Абы хэтт командэфІхэм щыщджэгу футболист Іэзэхэр. Ахэращ зэІуцІэм кърикІуар зыбуэхуари. Къуэн зэкъуэщхэу Аслъэнбэчрэ Заурбэчрэ топ зырыз нэхъапэм зыхэта «Спартак-Налшыкым» и гъуэм дагъэкІащ. Газаев Азэмэт ар щІигъэбыдэжащ, Шортэн Рустами метр пщыкІуэм и деж щыту блигъэцІэфтакъым.

«Спартак-Налшыкым» и щІэкІэ къыкхэжанкІащ Апажэ Чэримрэ топыр зи гъуэм дзэзгъэжьыжа Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам и гъуащхьэхъумэ Къуэжеймрэ.

ЗэІущІэр 4:2-уэ ихащ. Пэжщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэхар нэхъ бжьгъэшхуэжкІи текІуэфынут. АрщхьэкІэ Къуэн Аслъэнбэч метр пщыкІуэм и деж щыту «Спартак-Налшыкым» и гъащхьэтетым ебзэкІэфакъым.

Топджэгум кърихьэлІа-хэр зэбгъэдэкІыжащ зэІущІэм дзрэжэгъуэ ин къаритауэ. АдэкІэ «Спартак-Налшыкым» урысейпсо зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным пищэнущ. Мыгувэу ар Нартэнэ (Кисловодск) къалэм КІунэщ икІи, зыгъэсэныгъэхэм къыдэкІуэу, зэныбжьэгъуГъэ зэІуцІэхэри иригъэкІуэкІынущ. Къапщтэмэ, мазаем и 16-м абы хьэрхуэрэгъу къыхуэхъунущ етІуанэ дивизионым и Ипщэ гупым къыдыхэт «Спартак-Владикавказ» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Атлетикэ хьэлъэ

Республикэпсо чемпионат

Налшык дэт «Олимпийский» спорт комплексым хэт «Атлант» тренажёр пэшым щекІуэкІащ щІылъу штангэр къэІэтыныгъэ (русский жим) Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Налшык» спорт школымрэ (директорыр Сурженкэ Русланщ) КъБР-м пауэрлифтингымкІэ федерацэмрэ (унафэщІыр Гъубж БетІалщ).

РЕСПУБЛИКЭМ и щІыналъэ къуэдрэм къикІауэ спортсмени 100-м нэблагъэ зэхьэзэхуэм хэтащ.

Мы спорт лІэужьыгъуэр адрейхэм къащхьэщыкІыну зэ бгъэдыхьэгъуэкІэ нэхъыбэрэ къытебгъэзэжырэ штангэр пІэтын зэрыхуейрщ. Абы и фІыгъэкІэ нэрылъагъу мэхъу дэтхэнэми и къаурмрэ я бэшэчагъымрэ зэдзынсыр.

Ныбжьыщ1эхэм я деж зыхэта гуп къыщыгъэр щаубыдащ Махуэ Марат (кг 60), Безыр Алим (кг 67,5-рэ), Щербаков Артур (кг 75-рэ), Абаев Сулим (кг 82,5-рэ), Елъкъан Альберт (кг 90), Думэн Руслан (кг 100), Ахьмэт Джабулэт (кг 125-рэ).

ЦІыхухъу балигъэхэм я деж къыщыхэжанкІащ Борий Амир (кг 67,5-рэ), Сэхъу Мухьэжыр (кг 75-рэ), Елбэн Азэмэт (кг 82,5-рэ), Болэ Музэрин (кг 90), Шыбэхыу Валерэ (кг 100), Къасым Феликс (кг 110-рэ), ТхьэмэлІокъуэ Къазбэч (кг 140-рэ).

ТекІуэхэм грамотэхэмрэ медалхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм, зыхъумэжыныгъэм пыщІа нэгъуэщІ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я еджапІэ нэхъыщхьэхэм 2019 гъэм щІэтІысхьэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и дзэ комиссариатым къыхах Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм зыхъумэжыныгъэм пыщІа нэгъуэщІ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я еджапІэ нэхъыщхьэхэм 2019 гъэм щІагъэтІысхьэн папщІэ кандидатхэр.

Дзэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэнымкІэ теухуауэ зыхуэзгъаззэ хьунущ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым. Ди хэщІапІэр: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Уэлдэжым и уэрам, унэ №26, пэш №45. Долажьэ блыщхьэм, бэрэжьейм, мэремым сыхьэти 9-17-хэм (сыхьэт 13-14-хэм зыгъэпсэхугъуэщ).

КъекІуалІэхэм яІыгъын хуейщ паспортыр, дзэ кулыкъым зэрыраджэнумкІэ цІыхум и удостоверенэр (дзэ кІуплыкъымкІэ билетыр).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и дзэ комиссариат.

● Тхыгъэщ1э

Театрым и тхыдэ напэкІуэцІхэр

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ «Хаджи-Муса Мидов: Публитистика. Дневники. Письма» фІэщыгъэм щІэт тхылъ гъэщІэгъуэныр.

- ТХЫЛЪЫР щыІэзэхэдгъэувэм лъабжьэ хуэтщІар театрым и режиссёр щІэрыІуэ Мыд Хьэжмусэ и творческэ щІэныгъэ. Ар къыдэкІыным хуэзыгъэхьэзырар филологие щІэныгъэхэм я кандидат Шакъ Марьянэщ. Абы тхыгъэхэр адыгэбзэм къхрихри урысыбзэкІэ екІуу зэридзэкІащ, псалъэпэри ягъынькъуэ Іуэхугъуэхэр гурыІуэгъуэ зыщІ тхыгъэ кІэщІхэри дыщІигъужащ,- жеІэ Котляров Виктор.

Тхылъым и пащІодзэм деж режиссёр Іэзэм и гащІэмрэ гуащІэмрэ нэІуасэ зыщщхъэпщІыфынущ. Абы къыкІэлъокІуэ «Очеркхэр», «Статьяхэр», «Къэпсэлъэныгъэхэр», «Рецензэхэр», «ГукъэкІыж Іэрытхэр», «Письмохэр» фІэщыгъэм щІэту хыуэ зэпыуда Іыхьэхэр.

Лъэпкъ театрымрэ драматургиемрэ зэрызэфІэувам теухуауэ Мыдым газетхэмрэ журналхэмрэ къыт-рыригъэдзауэ Іэрытхэр, «Статьяхэр» Іыхьэм щІэзэхуэхьэсащ. А тхыгъэхэм Іупщ1у уи нэгу къыщІагъэувэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым зэрызыужьар.

«ГукъэкІыж Іэрытхэр», «Письмохэр» Іыхьэхэм а лъэхъэнэм псэуа цІыху пэрытхэм я гъащІэмрэ я Іуэхущ1афэхэмрэ къыщыпхуэлъагъунущ.

Тхылъым и кІэух Іыхьэм хэзыгъэгъуазэ гуэрхэр къыщыхьащ, библиографиери дэщІыгъужащ. Тхыгъэхэр щІэтъэбыджащ Мыдэх я унагъуэ сурэтхэмкІэ.

КъыхэгъэщІыпхъащ «Хаджи-Муса Мидов: Публицистика. Дневники. Письма» тхылъым тхыдэ-щІэныгъэ и Іыхьэ къыщыхъуащ іиІэ мыхьэнэм къыщыдмынэу, ар нобэрей махуэкІэ къэсэбэпыну тхылъыфІу зэрыщытыр. Псалъэм папщІэ, лъэпкъ драматургием и тхылъэр, театр гъуэзджэр зыдж спецкурсхэмрэ щІыху щхьэхуэхэмрэ ар икъукІэ къахуэщ1ьэпэнщ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ябгъ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щ1ьхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакцэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхущхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыупсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.233 ● Заказ №107